

Lessons in

DEMOCRACY

By **Roland O. Watson**

www.lessonsindemocracy.org

**ZVIDZIDZO
ZVEUTONGI**

**HWEZVIDO
ZVEVANHU**

NERURIMI RWECHISHONA

ZVIDZIDZO ZVEUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU(LESSONS IN DEMOCRACY)

COPYRIGHT ROLAND O. WATSON

ZVIRI MUKATI

ZVITSAUKO

MAVAMBO	2
MITEMO YEHUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU	2
1. CHII CHINONZI HUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU?	2
2. KUENZANISWA NERUSUNUNGUKO	5
3. MABASA AKANANGANA NEMUNHU	7
4. KUSAGADZIKANA NEUKOSHI	10
5. KUZIVA CHAKANAKA NECHAKAIPA	13
6. MASIMBA	17
7. KODZERO	19
ZVATAKAMIRIRA NEMABASA EDU	23
8. VANHU MUUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU	23
9. KUKAKAVARA NEKUMUKIRA	25
10. VATUNGAMIRI	29
MAPAZI EUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU	32
11. UONGORORI HWEMAGARIRO NEKUENZANISA	32
12. KUTEVEDZWA KWEMUTEMO	35
13. BUMBIRO REMITEMO	39
14. UTONGI HWEMATUNHU	44
15. SARUDZO	47
16. MAPATO EZVEMATONGERWO ENYIKA	50
ZVIMHINGAMUPINYI ZVEUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU	53
17. MATAMBUDZIKO EUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU	53
18. CHIUTO	56
19. MAPURISA	59
20. UPFUMI MUMAOKO EVASHOMA NEMAKAMBANI	62

MAVAMBO

Pandakatanga kunyora Zvidzidzo Zveutongi Hwezvido Zvevanhu, chinangwa changu changa chiri chekugadzira chinyorwa chekutanga chinogona kunzwiswa kunyangwe nemunhu ane dzidzo shoma. Pandakatanga kuunganidza zvakazoshandisa, ndakacherechedza kuti tsananguro yakadai hayaizova nerubatsiro rwakanyanya. Pamusoro pezvo, tsananguro iyi yaizovhiringidza muverengi. Hutongi hwezvido zvevanhu chidzidzo chisiri nyore. Pane nzira zhinji dzingaita kuti hurongwa hweutongi uhwu hwukanganisike sezvinoratidzwa nematambudziko akasiyana-siyana anowanikwa munyika dzinoshandisa hutongi uhwu. Tinogona kuzvigamuchira sezvazviri tozoedza kunzwiswa hutongi hwezvido zvevanhu nemaomero ahwo ose, kana kuti tozvinyengedza tichiti hurongwa hwuri nyore tozohutarisa huchitadza kubudirira.

Mutsauko uripo ndewekuti hutongi hwezvido zvevanhu hune zvinofanira kutanga zvaitwa nevanoda kuhushandisa. Hurongwa hwacho ndehwehurumende yevanhu asi kuti hushande zvakanaka vanhu vanofanirwa kudzidziswa nemazvo.

Basa iri ringatorwa senhungamiri yakakosha. Rinosanganisa zvinhu zvose zvinowanikwa muhurongwa hweutongi hwezvido zvevanhu. Rinopawo ruzivo rwakadzama rwepfungwa dzakakosha dzinowanikwa muhutongi kunyange zvisinganzwisisiki parizvino.

MITEMO YEHUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU

1. CHII CHINONZI HUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU?

Hutongi hwezvido zvevanhu hunowananzivikanwa “sehurumende yevanhu.” Mubvunzo uripo ndewekuti izvi zvinorevei? Vanhu vanozvitonga sei?

Pane mhando mbiri dzehutongi hwezvido zvevanhu: yekutanga ndeyekuti vanhu vanosarudza vavanoda kuti vavamiririre (representative democracy) kozoti yechipiri apo vanhu vanovhotera mitemo nezvimwe zvakakosha zvinoitwa nehurumende (direct democracy). Pamhando yekutanga inova inoshandiswa munyika dzakasiyana pasi rose, vanhu vanowana mukana wekupa maonero avo musarudzo. Musarudzo yakadai, vanosarudza boka diki revatungamiri. Vatungamiri ava ndivo vane basa rekutonga.

Pamhando yechipiri, vanhu vanosarudza nzira yavanoda kutongwa nayo. Nemamwe mazwi, vanhu vanovhota panyaya dzose dzakakosha dzekutongwa kwavo pane kuvhotera vatungamiri vanoita sarudzo yematongerwo avo. Hutongi hwemhando iyi hahwusati hwaitwa munzvimbo zhinji nekuda kwezvikonzero zvizhinji zvinosanganisira kusave nyore kwekushandisa nzira iyi pamwe chete nekuronga kuishandisa kubva pane yanga ichishandiswa yesarudzo yevatungamiri.

Kudiwa kwehutongi hwezvido zvevanhu kupfurikidza nesarudzo yevatungamiri kunounza mubvunzo wekuti zvido zvevanhu zvatoperera here? Basa revanhu rinobva ratopera here musure mekunge vaita sarudzo?

Mhinduro kumibvunzo iyi ndeyekuti: kwete. Hutongi hwezvido zvevanhu urongwa husiri nyore kutevedzera. Hune mitemo yakasiyana, mabasa akasiyana uye hurongwa hwakasiyana. Mitemo yakakosha yehutongi hwezvido zvevanhu ndeinoti kuenzaniswa kwevanhu uye rusununguko rwavo. Iripo mimwe mienzaniso mizhinji zvekare. Pane zvemabasa, vanhu pamwe chete nevatungamiri vane mabasa avo, basa revanhu richienderera mberi kunyange sarudzo dzapera. Hutongi hwezvido zvevanhu hwune nzira dzakasiyana dzekuhwushandisa dzinosanganisira kuongorora kushanda kwahwo uye kutevedzwa kwemutemo.

Zvisingawanzotaurwa asi zvinova basa guru revanhu ndezvekuti vanofanirwa kunzwisisa hutongi hwezvido zvevanhu sezvawhuri. Zvikasadaro, hutongi uhwu hahwungavi nyore kuhwushandisa. Pari zvino vanhu vazhinji pasi rose havanyatsonzwisisi mashandiro ehutongi hwezvido zvevanhu. Kunyangwe kunyika dzakatanga kushandisa hutongi uhwu kare, kunzwisiswa kwahwo kushoma uye kazhinji kacho hwunovhiringidzwa.

Ndicho chikonzero chinoratidza kuti sei utongi hwezvido zvevanhu hunoitika munzvimbo dzakasiyana hwuchiva nematambudziko makukutu.

Chikonzero chekusanzwisisa chiri nyore: sezvambotaurwa, hutongi hwezvido zvevanhu hwunonetsa kunzwisisa. Hutongi uhwu hwune zvikamu zvizhinji zvakasiyana saka kuti munhu anyatsonzwisisa anofanirwa kupatsanura zvikamu izvi ozozvibanidza zvakare sekutevedzana kwazvo.

Kupfurikidza nekupedza zvidzidzo izvi, uchadzidza zvikamu zvose zvakasiyana zveutongi hwezvido zvevanhu nekuwana ruzivo rwunokugadzirira kuti ushande munharaunda ine hutongi hwezvido zvevanhu.

Chikonzero chekusaziva nezvehutongi uhwu ndechekuti pane kukakavadzana kukuru pamusoro pahwo. Makakatanwa aya anowanikwa pakati penyika dzakasiyana uye vanhu vari munyika imwe chete.

Nyaya huru iri mumakakatanwa aya ndeyekuti hutongi uhwu hwunotoro chimiro chimwe chete panguva dzose (absolute) kana kuti hwunoenda hwuchisanduka nekufamba kwenguva (relative), maonero echipiri anova anoratidza kuti hutongi hwezvido zvevanhu hwunopfurikidza nesarudzo, hwunogona kutora zvimiro zvakasiyana. Vanotsigira pfungwa iyi vanopatsanura hutongi hwezvido zvevanhu

hwunowanikwa mumapato akasiyana ezvematongerwo enyika, hwunowanikwa kuAsia kana kunyika dzekuchamhembe, kuRussia pahutongi hwaVladimir Putin, kuVenezuela pahutongi hwaHugo Chavez, zvichingodaro.

Chokwadi ndechekuti utongi hwezvido zvevanhu hwunotora chimiro chimwe chete nekuti hwakazembera pamitemo inoona mashandiro ahwo. Hutongi hwusingatevedzeri mitemo iyi hahwuzi hutongi hwezvido zvevanhu.

Nekune rimwe divi, hutongi hwezvido zvevanhu hwunotevera mitemo nenzira dzakasiyana: kunoti pasarudzo yeparamende apo mutungamiri wehurumende anogadzwa nevatungamiri vakasarudzwa nevanhu kozoti apo mutungamiri wehurumende anoita zvekuvhoterwa pachigaro. Pamusoro pezvo, hutongi hwezvido zvevanhu hwunofanirwa kuenderana nezvinhu zvakaita senhorondo yenyika, uwandu hwevanhu nekusiyanwa kwavo pamwe chete nemamiriro enyika nehuwandu hwehupfumi hwenyika.

Ndipo panokurira makatanwa pakupatsanura mitemo yehutongi hwezvido zvevanhu inofanira kuzadziswa nemamwe mamiriro ahwo anoenda achishanduka. Somuenzaniso, vanoona nezvematongerwo enyika vakaita saPutin naChavez vanoti zvinowanikwa munyika zvinotsanangura kusiiwa kwemimwe mitemo, kusanganisira kuchengetedzwa kwerusununguko rwevanhu nerusununguko rwenhepfenyuro, kupfurikidza nezvizvi panoubwa hutongi hwechisimba (authoritarian system) hwavanzotsanangura sehutongi hwezvido zvevanhu.

Izvi zvinoratidza kuti zvingaitwe kunze kwehutongi hwezvido zvevanhu hutongi hwechisimba, apo boka diki revanhu rinoshandisa simba raro kuudza munhu wese zvekuita. Hutongi uhwu ndehweboka iri diki kwete kutonga rakamirira ruzhinji rwevanhu. Hutongi hwechisimba hwunowanikwa mumhando dzakasiyana. Pane vatongi vechisimba vemuchiuto, kana kuti hutongi hwevatungamiri vemauto hwunowanikwa munyika dzakaita seNorth Korea neBurma. Nyika zhinji dzechislam dzine hutongi hwechisimba hwechitendero kana kuti hutongi hwevatungamiri vechitendero. Kunowanikwawo vatongi vechisimba vezvoupfumi zvinosanganisira vapambepfumi, apo nyika inotonga imwe nechinangwa chekuda upfumi, kwozoti utongi hwevashoma mudunhu vanotonga upfumi uzhinji zvichiita kuti voruzhinji vave pasi pavo nenzira dzakasiyana. Dzimwe nyika dzine hutongi hwechisimba dzakaita seChina dzinoshandisa nzira dzinopfuura imwe chete dzehutongi uhwu.

Kuvhiringidzwa kwehutongi hwezvido zvevanhu kunobvira pakuti hutongi uhwu hwunowanikwa chete pane zvematongerwo enyika. Hurumende inoongorora pamwe chete nekutarisa zvinoitika mumatunhu. Nemaonero aya, hutongi hwezvido zvevanhu senzira yekugadzirisa matongerero ingaonekwa zvakananyanya senzira inochengetedza magariro evanhu pane zvematongerwo enyika.

Matunhu ane zvikamu zvizhinji zvakasiyana. Munowanikwa zvikamu zvezvematongerwo enyika zvinosanganisira hutongi hwezvido zvevanhu nehutongi hwechisimba kutungamira hurumende. Kunotiwo zvikamu zvezvoupfumi zvinosanganisira undingoveni (capitalism) negutsaruzhinji (communism) zvinoona nezvekugadzirwa kwezinhu. Zvimwe zvikamu zvinosanganisira zvekufambiswa kwemashoko (communications), indaneti (internet), dzinhare pamwe nenhepfenyuro. Zvikamu zvezvedzidzo zvinotangira pazvikoro kozotiwo zvikamu zvechitendero zvinozivikanwa sezvitendero zvizhinji zvakarongeka. Kana chimwe chete chezvikanwa izvi chingakure kupfuura zvimwe, ndicho chingaonekwe sechikamu chakabata zvimwe zvose.

Parizvino pane kukwikwidzana kwakasimba pakati pezvikamu izvi zvakasiyana. Muenzaniso wakanyatsojeka ndeunowanikwa pakati pehutongi hwezvido zvevanhu neundingoveni. Utongi hwezvido zvevanhu hwunoonekwa sehwuri muchikamu chezvematongerwo enyika uhwuwo undingoveni kuchikamu chezveupfumi asi zvose zvinokwikwidza kuti zvine nohutongi hwepamusoro. (Kana tichitarisa hutongi hwezvido zvevanhu, kungave kuda kutungamira panyaya dzezvemagariro.) Nyaya iri pachena ndeyekuti zvirongwa zviviri izvi hazvigoni kurarama zvose panguva imwe chete. Undingoveni hwune hurongwa hwahwo hwemitemo zvahwunoita kana kuti mabasa ahwo, nzira dzekucherechedza mashandiro ahwo uye panguva zhinji zvinopikisana nehutongi hwezvido zvevanhu. Kukwikwidzana nekukakavadzana uku kuchaongororwa muzvidzidzo izvi.

Sezvichaongororwa muzvidzidzo izvi, mitemo mabasa nenzira dzekucherechedza mashandiro enzira iyi mudunhu rechitendero hazviwanzodyidzana nehutongi hwezvido zvevanhu.

Kuchipedzisa, sezvo nyika dzepasi rose dzave kubatana nenzira inozivikanwa sepasi rimwe (globalisation), makakatana emhando iyi anoramba achingojeka. Pasi rose roona kunyuka kwehutongi hwechisimba nehudzvanyiriri nekusagamuchirwa kwehutongi hwezvido zvevanhu. Tinovimba kuti zvidzidzo izvi zvichabatsira kuisa zvinhu pachena nekuratidza kuti hutongi hwezvido zvevanhu ndihwo hwakakodzera kushandiswa.

2. KUENZANISWA NERUSUNUNGUKO Matunhu anogara vanhu asangana neshanduko yakadzama muzviuru zvevakore zvapfuura, zvichida shanduko yakakosha ingataurwa nezvayo ndeyekugona kunyora. Izvi zvakaita kuti ruzhinji ruwane dzidzo zvinova zvakaburitsa pfungwa yekuti chinangwa chedu chinofanirwa kuva kuenzaniswa kwevanhu uye kuti izvi zvinogona kuzadziwa pamatongerwo ehutongi hwezvido zvevanhu. Vanhu, neimwe nzira vanogona kushandiswa pachinzvimbo poumwe (vakangofanana). Chinhu chatinoona pane izvi ndechekuti sevana vadiki, hapana miganhu pakubudirira nemikana yatingave nayo muupenyu. Nekudaro, hurongwa hwunopa mikana kuvashoma hahwuna kunaka uye

hahwugamuchiriki. Izvi zvinosanganisira masimba. Kana paine kuenzaniswa, hapana chikonzero chingaita kuti mumwe munhu apiwe chinzvimbo chingaita kuti ashandise masimba ake pakutungamira vamwe. Nekuda kwaizvozvi, hutongi hwezvido zvavanhu hunoita kuti vanhu vave nerusununguko rwavo uye kuti vave nemikana yekubuda nemibvunzo yakakosha yakanangana nehupenyu hwavo. Ndiyo yega nzira yeutongi inogamuchirika. Kuenzana kwevanhu kunotanga pakuzvarwa. Tose tinotanga upenyu nenzira yakafanana, tisina zvinotipa mafungiro akasiyana kunze kwechido chekuda kurarama. Kuenzana uku kunoenderera mberi muupenyu hwedu. Pazvinhu zvakanosha zvinowanikwa muupenyu zvatinosangana nazvo zuva nezva uye zvatingaita kuti tinzwisise pamwe nekutarisana nezvinotivhiringidza muupenyu, rufu, hapana musiyano uripo pakati pedu pakutarisana nekunzwisisa zvakadai. Munhu wese kupfuriidza nekurarama, anokwanisa kunzwisisa zvakadzama zveupenyu nokutora mikana inowanikwa mahwuri. Izvi zvinoratidza kuti kuenzana kunotanga pane zvatinokoshesa. Kunyangwe pangave nemusiyano patiri muupenyu hwatinorarama – mumwe munhu murimi mumwe achivawo mutungamiri wehurumende – hapana musiyano uripo pakukosha kwazvo. Hapana munhu akakosha kupfuura mumwe. Izvi zvinowanikwawo mumapoka evanhu zvekare kana kuti murudzi rwavanhu. Hapana chingaita kuti rumwe rudzi rwunzi rwakakosha kupfuura rwumwe. Ndudzi mbiri dzinogona kuve dzakasiyana kwazvo asi hazvigoni kuti rumwe rudzi rwunzi rwakakosha kupfuura rwumwe. Izvi zvinoonekwa kana rumwe rudzi ruine chikamu charwo chakakodzera kuvengwa kana kutukwa, somuenzaniso, maitiro emaNazi muGermany munguva yaitonga Hitler. Marudzi anogara kwenguva refu uye kazhinji marudzi anosiya gwara. Munhu anogona kusvora oedza kusandura rudzi rwunenge rwarasika asi izvi hazvinatsi pfungwa yekuzvikoshesa sezvo inogona kusvika nguva yekuti rudzi rwako rwucharasikawo. Kuenzana hachisi chinangwa chekugarisana chete, ndihwo hwaro hwehutongi hwezvido zvevanhu. Kunoramba hurongwa hwekutongwa kweveruzhinji nevashoma. Hutongi hwezvido zvevanhu hwune mimwe mitemo zvekare kunyangwe vazhinji vasina ruzivo rwemitemo iyi. Kana mitemo iyi isipo, isingacherechedzwi kana kutevedzwa, hutongi hwezvido zvevanhu hahugoni kubudirira. Pfungwa yekuti hurumende inofanirwa kuve yehutongi hwezvido zvevanhu inosungirwa kupa mukana munhu wese zvinoreva izvo kuti munhu wese munyika ane makore akatarwa ane kodzero dzekuvhota. Muhutongi hwezvido zvevanhu hokutanga kusanganisira United States payakavambwa, varidzi vezvivakwa neminda ndivo vega vaibvumirwa kuvhota. Maitiro akadai haasiwo ehutongi hwezvido zvevanhu. Mimwe mienzaniso inosanganisira kusapa vanhukadzi kodzero dzekuvhota kana kupa kodzero kunhengo dzerudzi rwumwe chete kana vatenderi vechitendero chimwe chete. Kuenzana kunoburitsazve pfungwa yekuti matunhu, kwete hurumende chete, haafanirwi kuve nerusarura (discrimination). Kana takaenzana, mamiriro emunhu umwe neumwe haana kukosha uye izvi zvinosanganisira maitiro edu asingafanirwi kukuvadza vamwe. Pamusoro pezvo, hatina kungozvarwa takaenzana chete, takazvarwa takasununguka. Mutemo wekuenzana unoti tinofanirwa kuve nerusununguko rwakaenzana, tirame upenyu hwedu nenzira yatinoda, tigone kuenda chero kwatada uye kuita chero chatinoda. Ndiwo mamiriro azvakaita pamutemo asi chokwadi chezvinoitika chiri kure chose pane zvizvi. Rususununguko rwedu rwakadzvanyidzirwa nenzira zhinji dzakasiyana. Pane misiyano mizhinji inowanikwa mumutunhu akasiyana kana takatarisa pfungwa yerusununguko rwavanhu, kana takananga munhu zvaane kodzero yekuita. Kudzvanyirirwa kunowanzonekwa ndekwekodzero yekutenda kana kusatendera muchitendero chipi zvacho. Somuenzaniso, kana wakazvarwa nevabereki vechiMuslim kuSaudi Arabia

nemunyika zhinji dzechilislam, newewo unofanirwa kuve muMuslim. Hauna pfungwa dzako dzaungapa panyaya iyi uye ukaramba kutevera chitendero ichi unosungwa kana kuurayiwa chaiko. KuChina hazvitenderwi kuti munhu ave muKristu kunze kwekuti kana uchitevera chechi yakatenderwa nehurumende. Kuoma kuripozve ndekwekuti pane kukakavadzana kuripo pakati perusununguko nekuenzana. Nekudaro tinofanirwa kusarudza kuti ndechipi chinangwa chedu? “Tinoona chokwadi ichi sechiri pachena, kuti vanhu vose vakasikwa vakaenzana...” Nyaya iyi inonyatsoburitswa pachena muDeclaration of Independence yekuUnited States, ingatorwa senhorooondo yakakosha yekare yeutongi chaihwo hwezvido zvevanhu. Cherechedzo (declaration) yekuAmerica yerusununguko inotanga necherechedzo yeeenzaniso. Enzaniso ndiyo inotanga. Rusununguko rwemazvirokwazvo rwunozivikanwa semutemo wechisikirwo (natural law) kana kuti utongi hwevakasimba pamsoro pevasina. Munharaunda yakadai masimba akakodzera uye kana uine simba unogona kuita chero chaunoda. Kana uine simba rakakodzera, unogona kuve mudzvanyiriri anogona kusandura vanhu vose kuve nhapwa. Mutemo wechisikirwo haugamuchiriki asi pane dzimwe nguva dzisiri nyore kudziongorora. Rusununguko rwakakosha rusununguko rwekodzera yekurarama zvakanaka, rusununguko rwekushanda nesimba nekubudirira, kodzera yekurarama zvakanaka mutemo pachezvawo uye unobatsira kuongorora kuvapo kwechizivano nekuti vabereki havapi masimba avo nezvinzvimbo zvavo kuvana vavo. Chinzvimbo chemunhu muupenyu chinofanira kuwanikwa kupfurikidza nekugona pamwe nesimba raunoisa, kwete kuzivana navana ngana vepamusoro. Dambudziko riripo nderekuti mukana uri nani unowanzoshandiswa pakuburitsa kuenzanisa. Vanhu vanoshanda nesimba kwete kuti vabudirire pachavo asiwo sechombo chekubudirira nacho: kuti vawane mikana iri nani pane vamwe uye – sezvavanotendera – kuti vamire pari nani uye kuti vave vakakosha. Kana chinangwa chedu kuri kuenzana, zviripachena kuti tinofanirwa kubvisa rumwe rusununguko rwedu, rwakaita serusununguko rwekuraya. Nekune rwumwe rutivi, tikaisa zvose parusununguko, rwunosanganisira rusununguko rwekukwikwidza, kubudirira nekukunda sezvavagara zviripachena, hatigoni kubudirira pakuenzanisa. Tinofanirwa kukoshesa kuenzanisa, kunyangwe zvazvo rusununguko rwagara rwuri chinangwa chedu. Tinotsvaga rusununguko pazviito apo parwunenge rwakakodzera kana kuti parwusingapikisani nekuenzanisa.

3. MABASA AKANANGANA NEMUNHU

Utongi hwezvido zvevanhu hwakaumbwa pazvinhu zvizhinji zvinopfuura urongwa hwemitemo. Hwune zvinhu zvitatu zvakanakosha asi zvisingawanzokosheswi.

Chekutanga chacho ndechekuti mutemo wakakosha weupenyu ndewekuti zviito zvine mibayiro. Zvinhu zvishoma zvinowanikwa muupenyu zvinoitika sezvavazviri asi chinhu chimwe chete chatinoburitsa mazviri ndechichi: chinhu chose chaunoita – zvinhu zvose zvingaitwa nemunhu, zvine mibayiro.

Chechipiri, tose tinosarudza zvatinoda. Takasununguka kusarudza mumikana mizhinji inowanikwa muupenyu. Pasina kugona kusarudza zvatinoda, panenge pasina rusununguko rwemunhu.

Chechitatu, kana kusarudza kuine mibayiro uye takasununguka kusarudza, tinofanirwa kusarudza nemazvo. Tine chekuita pamusoro pezvose zvinoitika kwatiri sevhanu vakazvimirira voga uye muzvikwata zvakasiyana matinowanikwa tiri.

Pane mhando dzakasiyana dzemibayiro, dzinosanganisira yakatarisirwa neisina. Chiito chimwe chete chinogona kuve nemibayiro yakawanda kana zvikwata zvakasiyana zvemibayiro.

Pane mimwe mibayiro inenge isina kunangwa uye isiri pachena. Hatitombooni kuti zvinhu zvacho zvaitika. Muenzaniso wezvinowananzoitika asi zviri zvinovhundutsa kufa kwechisikwa chekupedzisira chemhando iyoyo yeupenyu.

Mibayiro yacho inogona kuitika nepadiki kana kuitika zvakananyanya chaizvo. Inogona kunzwikwa ipapo ipapo kana kutora nguva refu kuti ibude pachena. Inogona kuve yakanaka kana yakaipa asi nedzimwe nguva inogona kutora mativi ose. Muenzaniso wepfungwa iyi ndewemibayiro yakasiyana inouya nekuda kwekushandiswa kwemichina. Nzira dziri nani dzezveutano nekugadzirwa kwekudya dzakakonzerera kukwirira kweuwandu hwevanhu asi zvakanonzerawo matambudziko mukugarisana kwevanhu, kukakavadzana mumatunhu, kuparadzwa kwenzvimbo dzechisikirwo uye kutsakatika kwedzimwe mhando dzezvisikwa.

Pfungwa yekuti mibayiro iripo nekusingaperi – nguva haife yakamira – ndihwo hwaro hwemitemo yekuzvidzimirira (Precautionary Principle) inoti tinofanirwa kutanga tatarisa tisati tasvetuka kana kufunga tisati taita. Vanhu vazhinji vanowananzosarudza kuzviita vasina ruzivo. Pane kuti vaedze kunzwisisa kusava nyore kwemibayiro iyi voedza kudzimirira zvakaipa zvingavawire, vanosarudza kuramba kuvapo kwezvinhu zvakadai. Izvi zvinoreva kuti zviito zvakashata izvi zvichaaenderera mberi zvichikonzera kuti mibayiro yacho iipisise. Muenzaniso wezviri kuitika mazuva ano kusabvuma nekusaita chinhu kweUnited States pamusoro pekudziya kwepasi rose (global warming).

Izvi zvinoratidza kuti kusaita chinhu kunowinza mibayiro.

Panyaya yechipiri yekuzvisarudzira zvekuita, hazvibatsiri kutaura nezverusununguko rwemunhu kana sarudzo iyi isipo. Sarudzo iyi chinhu chakakosha zvikuru muupenyu.

Kupfurikidza nechido ichi tinogona kusarudza uye tikacherechedza zvido zvedu tinogona kusandura zvinhu kuti zvive nani. Tinaro simba irori.

Une kodzero yekusarudza zvaunoda pamusoro pekuti woitei kana kusaitei, pasina kucherechedza zvimwe zviinogona kukonzera kuitika kwezvinhu zvinotitsaura. Chishuwo chinogona kutungamira zvido zvako zvese, kutanga pachidiki chacho, sekuti chii chaungaite izvozvi zvichienda kuchikuru chacho, zvakaitea sekuti ungaita sei muupenyu kuti uve munhu waungade kuva.

Dambudziko riripo nderekuti pane sarudzo isiri kwayo. Izvi zvinoitika paunenge uchifunga kuti uri kutevera zvido zvako iwe asi chokwadi chiri chekuti uri kuita zvido zveumwe munhu. Muenzaniso ungapihwa ndewenzira dzekushambadza nadzo (advertising) apo vanhu vanofunga kuti vari kutevedza zvido zvavo asi ivo vari kutevedza zvido zvevashambadzi vezvinotengeswa.

Panewo zvishuwo zveveruzhinji, zvinova kusangana pamwe chete kwezvishuwo zvevanhu vakasiyana nechinangwa chekuzadzisa chido chimwe chete. Zvido zveruzhinji zvinogona kuve zvisirizvo patinotevera magariro akaipa nekuumba zvikwata pane kuumba mapoka akarongeka uye ane unhu.

Chishuwo ndiro tsime rezvakanaka. Chinokuita kuti uzvipire kuita kunyangwe zvinhu zvakaoma kuita. Izvi zvinoda kuzvipira pamwe nekushinga kuti uite zvaunoda kuita kwete zvaunoudzwa kuti uite uyezve kutarisana nezvausingazivi. Semuenzaniso, ushingi hwunouya nesarudzo ndihwo hwaro hwekumukira utongi hweudzvanyiriri. Muutongi hweudzvanyiriri unenge wabirwa simba resarudzo nekudaro unofanira kurwisa kuti uriwane zvekare.

Tinoshandisa ushingi hwedu zvekare kurwisa kutongwa nezvinodhaka zvinoburitsa mumwe mutemo wekugona kuti, "Kwete." Kana tichirwisa kutongwa nezvinodhaka, kungogona kuti "kwete" zvive simba, - "handichazviite zvekare, chero kamwe chete zvako", zvitori nyore pane kutevera zvinodhaka kwechinguvana.

Umwe muenzaniso wepasingashandisi mutemo uyu ndeapo vamiriri vedzinyika nevatungamiri vezvematongerwo enyika vasina zvakasimba zvavanoita kupedza uipi hwunoitwa nevatongi vevadzvanyiriri pasi rose.

Chekupedzisira, sarudzo yakakosha kwazvo muutongi hwezvido zvevanhu sezvo utongi uhwu hwakatsamira papfungwa yekuti vavhoti vanogona kushandisa zvido zvavo vakasununguka.

Pfungwa yechitatu ndeinoti zvese zvaunoita zvine chazvinoita munyika nekwauri nokuti une chekuita nazvo. Hauna kungwirwa nenjodzi usina zvawaitawo. Haungati yanga isiri mhosva yako. Zvaunoita unenge uchizviza uye une ruzivo rwawagara unarwo, nokuda kwaizvozvo unoziva zvaunoita. Une mhosva pazvitiko izvi.

Zvakakosha kupatsanura zvaune chekuita nazvo iwe semunhu akazvimirira oga nezvaune chekuita nazvo uri muchikwata paunonzi uite zvinhu kuti uzadzise basa rako remaugere. Zvaunotarisirwa kuita mudunhu raugere zvinowananziridza kuvepo kweudzvanyiriri nokudaro unofanira kuzvigamuchira musure mekunge wanyatsofungisisa uye uchiwirirana nazvo. Kusiya rusununguko rwako kuti ugutse zvido zvechikwata zvinofanirwa kuitwa musure mekunyatsoongorora.

Pfungwa inoenderana neiri pamusoro ndeyekuti kuvapo kwezvaune chekuita nazvo semunhu zvinoratidza kuti matambudziko akasiyana atinosangana nawo atinoti akakonzerwa nehurumende, zvitendero, zvikoro, makambani nenhepfenyuro anotanga nesu nekukundikana kwedu sevanhu. Sezvo munhu achida kuzvigutsa iye pachake uye achikwikwidzana nevamwe pane kuti ashande pamwe nevamwe, mapoka anoubwa nevanhu anotevera zvimwe chetezvo. Haungagoni kugadzirisa zvikwata zvevanhu usati watanga nekugadzirisa maitiro emunhu pachake. Tinowana vatongi pamwe chete nemapazi eukama ekugarisana anotikodzera.

4.KUSAGADZIKANA NEUKOSHI (UNCERTAINTY AND VALUE)

Zvimhingamupinyu muupenyu zvinouya nekuve nechekuita nemibayiro yezviito zvedu ndezvekuti nyika pachezvayo yakaoma uye hatizivi zvichazoitika. Hatingavi nechokwadi chekuti zviito zvedu zvichave nemibayiro yatakatarisira.

Zvese zvatinoita zvine mikana pamwe chete nenjodzi. Hapana zvatingaita pamusoro pepfungwa iyi. Takafanirwa kuedza zvinhu zvakasiyana kuti tigoona zvinoshanda zvacho. Mukuita izvi panoitika mhosho dzine mibayiro yadzo.

Nzira yatinodzidza nayo ndeyekuita mhosho idzi nekurwadziwa nemibayiro yadzo. Zvinojekeswa nenyaya yemwana anobata pfihwa rinopisa. “Kupisa” hakuna zvakunoreva kusvikira waziva kupisa kwacho.

Izvi zvinoratidza kuti kunyangwe upenyu hwuchipa munhu rusununguko, harwuzi rusununguko rwemazvo. Upenyu hwunotsvaka kuti tiite mitongo pamwe nesarudzo, inosanganisira kugadzirisa zvisiwo nezvinotarisirwa zvinokakavadzana munharaunda ine mikana nekusagadzikana.

Nyaya yekusagadzikana iyi ine zvainoita panyaya yeutongi hwezvido zvevanhu. Nzira dzeutongi hwezvido zvevanhu dzinotsvaga kuvepo kweshanduko muvabati vehurumende kuti pave nekuchengetedzwa kweshanduko nesimba. Shanduko iyi inouya kupfurikidza nesarudzo inopa vanhu vatsva mukana wekupawo pfungwa itsva.

Dambudziko riri muutongi hwezvido zvevanhu hwuzhinji nderekuti chido chekusavapo kwesanduko chinoita kuti vabati vehurumende varipo vasave nyore kubvisa. Vanogona kuve vakashata kana kuti vane uwori asi vavhoti vanovasarudza zvekare nokuti vanotywa kuti vachavatsiva vanogona kuve vakanyanyisa. (Kutya uku kunosimbaradzwa nenzira yekuzvishambadza inoita vabati ava.)

Ndicho chimwe chezvikonzero zvinoita kuti utongi hwezvido zvevanhu hwuve nemiganhu, makore anotenderwa kuti munhu ave pachinzvimbo cheutungamiriri. Zvinonzi muganhu uyu unofanirwa kutemwa pavanhu vanenge vavhoterwa nevaya vanenge vagadzwa pazvinzimbo.

Pfungwa inoenderana neiyoyi ndeyekuti vavhoti vanoda kugadzikana kunova kuri iko kunovimbiswa nevezvematongerwo enyika. Vanoti nzira dzavachashandisa kugadzirisa matambudziko akatarisana nevoruzhinji dzichabudirira asi pfungwa dzevanokwikwidzana navo hadzibudirira. Pfungwa idzi ndedzeunyengedzi nekubvisa vanhu mugwara. Hapana chiratidzo chekuti zvavanovimbisa ndizvo zvichashanda.

Munhorondo yeupenyu hwevanhu, shanduko iripo mazuva ano yakakurisa uye iri kuramba ichienderera mberi. Matambudziko ari kuwedzera zvekusagona kugadzirisika. Semuenzaniso, pane kusagadzikana pamusoro penyaya yekudziya kwenyika (kwete kuti kuripo here asi kuti kunogona kusvika padanho ripi.) Hazvigoni kunyatsozivikanwa kuti nyika ichadziya kusvika papi. Mazaya ose echando ari panyika anogona kunyungudika zvichiva nemibayiro isingagoni kutsanangurika.

Nguva yazvino ndiyo yekuti tigone kugamuchira shanduko. Tinotsvaga nzira itsva dzekuita nadzo nevatungamiri vakazvipira kudziedza. Sezvinei, tine vatungamiri vakasarudzwa vanonzvenga shanduko nevasarudzi vasingavapi mhosva yekuita izvi.

Kusaziva zvinoitika kune dambudziko rechipiri pautongi hwezvido zvevanhu nehurumende, pakudyidzana kwako nechitendero chakarongeka. Zvitendero hazvigamuchiri maonero ataurwa pamusoro. Zvavanotaura zvavanoti ndidzo nyaya dzakakosha muupenyu ndezvekuti hapana kusaziva zvinoitika. Pfungwa idzi dzakatsamira pakutenda, zvizaruro uye minana. Hadzina zviratidzo zviri pachena.

Vanhu vane kodzero yekutendera mune zvavanoda. Nekuda kwezvizvi, pane chinonzi rusununguko rwechitendero rwunofanira kudzivirirwa neutongi hwezvido zvevanhu. Izvi hazvipi chitendero kodzero yekumanikidzira zvachinotendera. Kana hurumende yenyika ichitongwa nechitendero, inoedzwa kunzi theocracy (utongi hwechitendero).

Utongi hwechitendero hwunomanikidza kutendera muminana yakazemberwa nechitendero ichi. Semuenzaniso, utongi hwechitendero chechilislam hwunoti vanhu vatendere muminana yakaitwa namuporofita Mohammed. Pamusoro pazvo, vatungamiri vazvino vechilislam vanotendera kuti vane masimba anobva kuna Mwari nekuti vanogona kuronda dzinza ravo kusvika kune remuporofita uyu. Zvinonzi Mohammed aitura naMwari (kana kuti aiziva zvido zvaMwari kupfurikidza namutumwa Gabriel) munova ndimo maakawana simba raakazopawo kune vedzinza rake vakatevera.

Masimba anobva kuna Mwari haatenderwi nemutemo. Vatenderi vechiMuslim vakasununguka kuita zvavanotendera asi havafanirwi kumanikidza vanhu kutevera chitendero ichi kunyangwe avo vanogara mumatunhu avo. Nemamwe mashoko, utongi hwunofanirwa kuve hwezvido zvevanhu uye hwusinei nechitendero. Kusava nei nechitendero hazvirevi kuti nyika haichina uMwari asi kuti vanhu vakasununguka kutendera zvavanoda pamusoro pemibvunzo yezvemweya muupenyu.

Takatarisa mitemo yeutongi hwezvido zvevanhu, vanhu vari pasi peutongi hwechitendero vakaenzana papfungwa imwe chete yekuti vose vanofanirwa kuzvininipisa. Rusununguko rwemunhu harwupo zvachose. Pamabasa ekuita, munhu haafanirwi kusarudza asi kungotevera.

Takatarisana nedambudziko guru rinoratidzika serisina mhinduro. Upenyu hahwuzivikanwi asi tinofanirwa kusarudza. Izvi zvinotipa mubvunzo wekuti tosarudza sei? Toratidza sei chido chedu chekusarudza?

Mhinduro kupfungwa iyi inotangira paukoshi. Tinogona kucherechedza nyika yedu tobuda nezvakatikoshera nezvatinofanirwa kukoshesa.

Mumabhiriyoni matatu emakore ane chidimbu apfuura, mhando dzose dzeupenyu nenzvimbo dzechisikirwo dzakasanduka pasi rose. Zvimwe chetezvo, panguva iyo munhu weHomo Sapiens akasanduka kuve chisikwa chakasiyana, mararamiro neunhu hwakasiyana hwakavepo. Mutsauko uyu unopa musiyano wemazvo neunaku hwenyika. Zvinopa kukosha kwenyika yedu.

Pose panoparara mhando yeupenyu, pose panotemwa nzvimbo dzechisikirwo, pose panomedzwa magariro epasichigare evanhu nenyika yazvino, chidimbu chekukosha uku chinorasika.

Pfungwa yeukoshi inogonazve kushandiswa kuongorora zviito zvevanhu pachezvavo kana kuti vari muzvikwata. Kana zviito izvi zvichichengetedza zviwanikwa nekusiyana kwemarudzi nekuisa nzira dzekuita kuti izvi zvienderere mberi, zvinogamuchirika. Kana zviito izvi zvichidzikisira kusiyana kwevanhu nemukana wekubudirira mune ramangwana, kunyangwe mibayiro yacho isiri pachena, hazvigamuchiriki.

Izvi hazvirevi kuti hapana chakakosha munyika yanhasi. Pane ruzivo rwakabuda mumakore gumi akapfuura rwunova rwakakosha pane zvarwunoita (zvikuropakuponesha upenyu.) Izvi hazvirevi kuti zviitiko zvese zvemazuva ano zvine ukoshi hwakafanana. Zviitiko zvizhinji hazvina kuvapo nekuda kwechido chekuva neruzivo rwutsva kana kubudirira nyika asi nekuda kwechishuwo chemabhizimusi kuti aite mari. Izvi zvinowanzova nemibayiro isina kunaka inosanganisira kuparadzwa kwezviwanikwa nemusiyano wehunhu nemararamiro uyezve kuparara kwemutemo wedu wekuenzanisa.

5. KUZIVA CHAKANAKA NECHAKAIPA (ETHICS)

Kana takasununguka kusarudza uye tiine basa rekusarudza zvakanaka, izvi zvinoratidza kuti tinofanirwa kuve nehwaro hwekuita sarudzo yezuva nezuva muupenyu hwedu iri pamusoro pefungwa yekukudza, kuchengetedza nekukurudzira kusiyana kwemarudzi. Izvi zvinozivikanwa sekuziva chakanaka nechakaipa. Zvingaonekwazve senzira yekusarudza maitiro. Mitemo iripo kutungamira maitiro edu panguva dzose.

Nyaya yekuziva chakanaka nechakaipa inotangira pakuongorora mibayiro yezvauchaita usati waita. Unofanirwa kugara uchizvibvunza kuti maitiro ako anogona kukuvadza vamwe here, nharaunda, rudzi rwako kana nyika. Chinangwa chako chekutanga hakufanirwi kuva kuzvigutsa chete (kunyangwe pane zivo yechakanaka nechakaipa yakatarisana nemunhu pachake, sekuva nechishuwo chekuita zvikuropakuponesha upenyu hwako.) Nenzira iyi, kuziva chakanaka nechakaipa kunoshanda senzira dze kuongorora maitiro edu nenzira yekuzvidzimirira kubva muundingoveni hwakasikwa hwuri matiri.

Izvi zvinoratidza kuti ruzivo rwechakanaka nechakaipa rwakakosha rwuri pakusakonzera kukuvara.

Vatungamiri vezvematongerwo enyika vanowanzotadza kutevedzera mutemo uyu sezvo vachiisa zvirongwa zvinokonzerwa kukuvara nekurasikirwa neupenyu hwuzhinji.

Ruzivo rwechakanaka nechaipa rwakatsamira papfungwa, pakugona kwedu kuongorora nyika, kuinzwisisa nekugadzirisa matambudziko. Izvi zvakasiyana nemitemo yekare yakatsamira pane zvechitendero yataishandisa kutonga maitiro edu apo taiudzwa zvekuita zvichienderana nemitemo ine gumi, mitemo yechiIslam yeSharia kana dzimwe nzira dzechokwadi dzechitendero.

Dambudziko rezvizvi sezvaonekwa muchidzidzo chapfuura nderekuti chokwadi chakadai chezvinotema Mwari chinotsvaga kutenda. Pamusoro pezvo, chokwadi chezvechitendero ndezvakanangana nevatungamiri vechitendero vane kodzero yekuchitsanangura nenzira yavanoona yakafanira inowanzova isinei nematongerwo eutongi hwezvido zvevanhu.

Hatisi vana. Hatitsvagi kuudzwa zvose. Tinogona kuzvionera – tega chakanaka nechakaipa – pachedu.

Tinotsvagawo ruzivo rwechakanaka nechakaipa. Panofanira kuvepo kushaya zvimwe nechinangwa chekuwana zvimwe nekuitirana mwoyo murefu pakati pevanhu. Hatigoni kuwana zvose zvatinoda. Tinofanirwa kuve nezvinotitungamirira zvinotiudza zvatingaite kana tasangana nenguva yekushaya zvimwe kuti tiwane zvimwe, kana kuti panguva dzose dzemagariro edu.

Upenyu hwusina ruzivo rwechakanaka nechakaipa hwunozivikanwa semutemo wechisikirwo (natural law). Sezvambotaurwa, iyi ipfungwa yekuti vakasimba vakasununguka kutonga vasina, kuti kuva nesimba kwakanaka. Pamutemo uyu wechisikirwo kana uine simba wakasununguka kutevera undingoveni pasina chingakutadzisa.

Kana takatarisa pfungwa iyi, ruzivo rwakakosha muupenyu rwechakanaka nnechakaipa nderwekuramba mutemo wechisikirwo uyu. Izvi zvinogona kutsanangurwa sekuti kuva nemasimba hazvirevi kuve nekodzero.

Kana takatarisa pasi rose, zviru nyore kuona kuti ruzivo urwu harwuwanzowanikwi. Munyika zhinji uye nenzira dzakasiyana, vane simba vakasununguka kuita zvavanoda. Ndiwo maitiro akanyanyokosha anotadzisa utongi hwezvido zvevanhu, kuti pane vanounganidza masimba vakazvipira kuti zvigare zvakadaro.

Dambudziko rekuziva chakanaka nechaipa nderokuti hazvisi nyore kuita chakanaka. Chakanaka hachiwanzovi pachena. Unofanirwa kutochitsvaga pachako. Kunyangwe chiri pachena, chakawanzooma kuita.

Pane nzira dzakasiyana dzinotungamirira maitiro, zvichitangira papfungwa yerukudzo. Kana takaenzana tose, takakodzera kukudzwa, kusanganisira nemarudzi edu. Apa ndipo panotangira ruzivo rwekusakonzera kukuvara; nemamwe mazwi, hatifanirwi kukuvadza maune zvatinozemekedza.

Pfungwa inofambirana neiyoyi ndeyekuti hatifanirwi kugamuchira zvakaipa isu tichizviona. Kana pane vanhu vari kukuvadza, takafanirwa kupindira. (Uyu ndiwo mutemo wambotaurwa nezvawo wekuti "Kwete".)

Umwe mutemo wakakosha wechakanaka nechakaipa ndewekuvimbika. Unofanirwa kuita zvaunotaura nekupedzisa zvaunotanga. Kana uchiti pane zvauchaita unofanirwa kuzviita zvigotadziswa chete nezviitiko zvanga zvisingafungirwi kana kutarisirwa zvachose. Pautongi hwezvido zvevanhu, vezvematomongerwo enyika vazhinji vanopa zvivimbiso zvavasingazadzisi vanoratidza kuti ruzivo urwu harwuwanzotevedzerwi.

Apa tinoona kuti rumwe ruzivo rwakakosha rwechakanaka nechakaipa kuva nechokwadi, kumira pashoko raunenge wataura.

Chekupedzisira, ruzivo rwerukudzo rwunokonzera maitiro akaita sekutirira (patience), kugamuchira nezvausingadi (tolerance) nekusava nerusarura.

Tinodzidza ruzivo rwechakanaka nechakaipa kuvabereki kubva kune zvaunotaura asi zvikuru pamaitiro avo. Tinotora maitiro avo senzira inotionesa maitiro anogamuchirika nesu totevedzera.

Muupenyu hwedu tine dzimwe nzira dzakawanda dzinotiratidza ruzivo rwechakanaka nechakaipa dzinosanganisira pfungwa dzinopesana nenzira dzatakakuriswa nadzo. Ruzivo urwu rwakasiyana rwunowanzowanikwa mumagariro edu. Dambudziko guru ratinosangana naro nderokuti mapazi mazhinji anotevera pamwe nekuparidza mutemo wechisikirwo.

Izvi zvinokonzera kuvhiringidzwa kweruzivo rwechakanaka nechakaipa. Nekuda kwezvatinozemekedza vakawanda zvakasiyana, zvinokwikwidzana pamwe

nekupesana, hazvisi nyore kuziva chekutendera newekutendera. Ruzivo rwemazvo rwechakanaka nechakaipa harwuna kuoma kunzwisisa asi rwunogarotarisirwa pasi nezvinowanikwa mumagariro.

Izvi zvinoburitswa pachena nezvinowanikwa pamwe nenzira yekuzviwana (ends and means).

Vazhinji vangabvume kuti tinoda kuve dunhu rinoziva chakanaka nechakaipa, apo munhu wese anenge akaenzana. Pamaonero aya, tinogona kubvisa pfungwa yechiNazi yakange yakananga chimwe chikwata chiri panzvimbo yakakwirira. Sezvo tiri kubvumirana pane zvichabuda kwekupedzisira, tinofanirwa kutsvaka nzira dzekuzviburitsa. Nzira idzi dzinofanirwa kuve dzichitevera ruzivo rwechakanaka nechakaipa.

Maitiro aunaita zvinhu akakosha kupfuura kuti wazviita ukapedza. Kana uine chinangwa chisingagoni kuzadziwa nenzira dzoruzivo rwechakanaka nechakaipa, unofanirwa kusandura chinangwa chako.

Kana tichizvitarisa nenzira iyi, tinoona kuti maitiro ndiwo zvichabuda. (Kana tichishandisa pfungwa yatamboona, nzira dzacho ndiwo maitiro edu zvinowanikwa zvacho ndiyo mibayiro.) Chakakosha inzira yekuita kwete mhedziso yacho. Kuenzanisa hachisi chinangwa, kana takatarisa goridhe riri kunoperera murarabungu, kana kuti zvinoda kuwanikwa muramangwana risiri pedyo. Urongwa kana kuti mamiriro atinofanirwa kusangana nawo mazuva ose, kutanga pari zvino.

Pfungwa yakajairika yekuti zvichaitika hazvitungamiri maitiro ndeumwe mutemo wakakosha wekuziva chakanaka nechakaipa. Mumagariro anhasi mutemo uyu hauwanzotevedzerwa. Mapazi emagariro edu anowanzotsvaka magumo, zvavanotimanikidza kuti zvine ruzivo rwechakanaka nechakaipa asi zvichishandisa nzira dzisinei neruzivo urwu.

Semuenzaniso, mapazi emagariro edu anoita sekuti ane kodzero yekutinyepera uye anonatsurudza kodzero iyi nepfungwa yekuti kuita izvi ndiko kwakanakira iwo. Hapana kufungisiswa kwenzira dzacho. Zvinobuda kwekupedzisira zvakanangana nawo ndizvo chete zvakanakosha kwaari.

Mumaitiro akadai zvinowanikwa kwekupedzisira nenzira dzekuzviwana hazvitevedzi ruzivo rwechakanaka nechakaipa. Mapazi aripo kushandira isu. Hatiraramire kuashandira.

Mapazi aya anoedza nepaanogona napo pese kuti vanhu vasazive nyaya dziri pamusoro pawo, nyaya dzinofanira kuzivikanwa nesu voruzhinji. Isu tinoudzwa kuti tinofanirwa kutaurira mapazi aya chokwadi nguva dzose.

Pane mienzaniso yakawanda yemapazi anokurudzira nzira dzisiri kwadzo dzezvinowanikwa kwekupedzisira uye nzira dzacho dzekuzviwana zuva rega rega. Zviri kwauri kunyatsoongorora nharaunda yako nezvinonzi nevatungamiri vanofanirwa kuita nekuti zvinonzi zvakanakira iwe.

.

6. Masimba

Utongi hwezvido zvevanhu, maitiro akagadzirirwa kuenzanisa masimba, kuti pave nechokwadi chekuti hapana anova nesimba rakanyanyisa.

Iri basa rakaoma nekuti masimba chinhu chakaomawo. Maonero aya anofanirwa kunzwiswa kuitira kuti maitiro edu ekuda kuongorora masimba abudirire.

Masimba anosanganisira nzira dzakasiyana dzatinoshandisa kuti vamwe vanhu vaite nekufunga nenzira yatinoda. Chombo chinoshandiswa pakutungamira uye zvinosuvisa kuti tsananguro iyi ndiyo imwe chete neudzvanyiriri. Hongu, masimba anogona kushandiswa mune zvakanaka asi hazviwanzoitika. Munyika yechokwadi masimba anowanzoshandiswa kuzadzisa mhedziso dzisina kunaka.

Dambudziko rinowanikwa pakuve nesimba rinotangira pakuti kuda simba kuri mumasikirwo edu. Kugona kuwedzera masimba kunopa mikana kwauri nekumhuri yako. Sezvinei, hakuna magumo anongozviitira oga. Kana vanhu vangotanga kuunganidza simba, vanowanzovavarira kuramba vachitsvaga rimwe.

Izvi zvinoonekwa pachena muhurumende. Hurumende ine urongwa hwayo hwemabasa hwuri pachena uye inofanirwa kushanda ichitevedza urongwa uhwu asi maitiro evatungamiri ndeekuva nesimba pamusoro pezvinhu zvese.

Pane mhando dzakasiyana dzemasimba uye anobva panzvimbo dzakasiyana achivawo nemabasa akasiyana. Pane masimba ezvechiuto (ekumanikidza), ezvematongerwo enyika (anosanganisira kumanikidza uye dzimwe nzira dzakaita semitemo); emitemo (anobva pane zvatemwa nematare); ezveupfumi (kutengwa kwesimba) uye emupfungwa (anowanikwa nekutapa mafungiro evanhu).

Pamusoro peizvi, simba rinosiyana panzira dzarinoshandiswa naro. Kuva nesimba rose zvaro kunokutendera chero kuuraya uye kupfurikidza nekutonga mafungiro emunhu anokonzera kuti vanhu vazviuraye (kupfurikidza nekurongwa kwechislam, vanhu vanonyengetedzwa kuti vaite zvese kuti vave vafiri vechitendero kuti vauraye vamwe ivo vachizviurayawo pachavo).

Nzira yakadai yekutonga mafungiro emunhu inotarisira pasi kusununguka kwemunhu kwekuita zvaanoda kusvika pachidanho chekuparadza chido chekurarama uye ruzivo rwechakanaka nechakaipa chekusakonza kukuvadzwa.

Imwe nzira yekuva nemasimba ose ndeye kusandura vanhu kuvaita nhapwa. Kana tikatarisa pasi rose tnooni kuti vanhu vazhinji kupfurikidza nenzira dzakasiyana vane masimba. Kuchiri kuwanikwa nzira dzakasiyana dzeutapwa nedzekubayira vanhu.

Simba rinodhaka. Ukangoera wava naro, hauzombodi kurisiya. Chikonzero chacho ndechemaonero anenge oita munhu. Simba rinoshandura maonero aunenge wozviita. Vanhu vane simba vanodzidza kuzvitora sevanhu vakakosha, semaVIP. Maonero aya anobva ava iwo akakosha ekuzivikanwa kwavo. Kana vakapererwa nesimba iri, vanofanirwa kusiyawo nekukosha uku.

Mubayiro wemaonero akadai ndewekuti vanhu vakadai vanowanzokusashanduka nekusagamuchira mamwe maonero nekuda kwekusada kurasikirwa nesimba ravo.

Chimwe chikonzero chinoita kuti vanhu vasade kusiya simba ndechekuti vanorasikirwa nemari yeuvori yavanga vachiwana inova yanga yakawanda kwenguva yakareba. Masimba anounza uwori nekuti anovhiringidza nyaya yechinangwa. Vatungamiriri havangoshandiri veruzhinji asi kuti vanotevedza zvakanakira saka kuvhiringidzika uku kunodzikisira pasi sarudzo yezvinofanira kuitwa.

Chinhu chekupedzisira pamusoro pemasimba ndechekuti haasi chinhu kana asina kushandiswa, ndizvo zvinotenderwa nevazhinji vane simba. Kana unawo, unofanirwa kuratidza veruzhinji kuti unawo uye nzira yepamusoro yekuita izvi, sezvinotenderwa nevanhu ava, kumanikidza.

Pane kuenzaniswa kwesimba mumatunhu pakati pevanhu nemapazi emunharaunda. Kuvanhuwo zvavo, tine kana kuti takafanirwa kuve nesimba rakaenzana sezvo tose takaenzana. Muutongi hweruzhinji rwevanhu, masimba aya anopiwa kubazi rinova hurumende kupfurikidza nekuvhota asi anogona kuonekwawo kupfurikidza nekusabvumirana kwevanhu nevatongi uye nedzimwe nguva apo

vakasarudzwa vanoramba utongi hwezvido zvevanhu vachizova vadvanyiriri, kana kumukirana chaiko.

Mamwe mapazi ane simbawo. Zvitendero, mabhizimusi uye nehpfenyuro zvose zvinoratidza kuvapo kwesimba. Matambudziko mazhinji azvinokonzerwa munzira dzakasiyana kusashandiswa kwemasimba nemazvo.

Tine zvatingaite nemamiriro akadai. Tinogona kuvhotera vatungamiri vatsva, kusiya chitendero nekuramba kutenga zvigadzirwa zvemakambani kana zvinoburitswa nenhepfenyuro.

Kuenzaniswa kwesimba mudunhu kwakarereka pamitemo miviri. Mutemo wenhaka pamasimba ewutongi unoti zvinzvimbo zvezvematongerwo enyika hazvifanirwi kugamuchidzanwa kubva kunababa zvichienda kumwana. Utongi hwemagamchidzwa mumhuri imwe chete hahwuchagamuchiriki kunyangwe vachiripo vashoma vanowanikwa pautongi hweudzvanyiriri vakaita sekupiwa kwemasimba eutongi kwaKim Jong-il nababa vake Kim vaive mutungamiriri mukuru kuNorth Korea.

Mutemo wechipiri, mutemo wenhaka mumasimba ezvoupfumi hahwuzi kuteverwa. Mutemo uyu unoti vana vevanhu vane upfumi hwakawanda havafanirwi kugara nhaka yeupfumi hwakawanda hwevabereki vavo. Matunhu haasati aratidza chido chekutevedzera mutemo uyu saka izvi zvinobva zvaurya mutemo wekutanga zvekare. Masimba eupfumi anogonawo kushandiswa kutenga masimba eutongi. Iyi inzira yeuwo yakagara iripo. Masimba eutongi anogonawo kushandiswa kuwana masimba ezvoupfumi. Kuti matunhu ashande nemazvo, mitemo iyi iri miviri inofanirwa kuteverwa. Masimba eupfumi neezvematongerwo enyika anofanirwa kupatsanurwa.

7. Kodzero

Masimba haarevi kuve nekodzero. Upenyu ndihwo hwunodaro. Kuva vapenyu ndiko kunotipawo dzimwe kodzero, zvichitanga nekodzero yeupenyu hwacho.

Pamusoro pezvo, kuenzana nekusununguko hazvingovi mitemo chete, ikodzerowo. Tinekodzero yekuenzana nekusununguka zvichisanganisira kusasarudzwa.

Tine dzimwewo kodzero dzakawanda dzinowanikwa muzvinyorwa zvakaita seBill of Rights yekuUnited States, nekodzero dzinowanikwawo muUnited Nations Declaration of Human Rights.

Kodzero idzi dzinozivikanwawo sekodzero dzevanhu vose dzekuita kana kutaura zvavanoda, nemamwe mashoko, rusununguko rwemunhu kusanganisira zvinhu zvatnofanira kusununguka kuita, nezvimwe zvatnofanirwa kusunungurwa kubva mazviri, zvisingafanirwi kuitwa kwatiri.

Rusununguko rwakanyorwa muBill of Rights nemunhadzurudzo dzemabumbiro emitemo dzakazotevera dzinosanganisira:-

- rusununguko rwekutura zvaunoda, rwekuungana nerusununguko rwunoenderana nenhepfenyuro nekusabvumirana nemamwe maonero (dissent.)
- rusununguko rwechitendero, zvinosanganisira kuve nhengo kana kusiya chitendero kana kusava nechitendero zvachose.
- rusununguko rwekuva nezvombo zvinoreva kodzero yekuzvidzivirira.
- rusununguko kubva mukusechwa kusina tsarukano nekubatwa, zvichireva kodzero yekuwa wega kana kusaongororwa (privacy).
- Rusununguko kubva mukutongwa kusina kururama kusanganisira kodzero yekudzivirirwa nemutemo, kukurumidza kuiswa padare revanhu uye kusarangwa nenzira ine utsinye uye isina unhu.
- Kodzero yekuvhota.
- Rusununguko kubva muutapwa.

KuUnited States nekudzimwe nyika, kodzero dzakaita seidzi dzakatoitwa mitemo. Ikodzero dzinopiwa munhu wese kupfurikidza nekodzero inoenderana neiyi yekudzivirirwa kwakaenzana pasi pomutemo nepfungwa inoenderana yekuti hapana munhu ari pamusoro pemutemo. (Pfungwa yechipiri inotangisa kuMagna Carta inoganhura kodzero dzamambo wekuEngland.)

Kodzero idzi dzinozivikanwazve sekodzero dzemunhu. Dzinodudzirwa serusununguko rwezuva nezuva kupfurikidza nemitemo yakatemwa - zviri kunze kwemutemo nezvisiri; kupfurikidza nezvibvumirano zvinoitwa nevanhu uye zvinotarisirwa mumagariro nezvitevedzerwa (conventions).

Zvakakosha kuona kuti havasi vanhu chete vane kodzero. Mapazi anadzowo. Bill of Rights inodoma rusununguko rwenhepfenyuro rwunosimbaradza kodzero yerusununguko kubva mukumbunyikidzwa kwenhepfenyuro. (Tinogona kuti kodzero dzinosanganisira zvinotarisirwa zvinoenderana neizvi, semuenzaniso, kuti nhepfenyuro inofanirwa kutaura chokwadi.)

Bumbiro remitemo rinotsanangurawo zvingaitwe nehurumende, nezvaisingaiti. Hurumende inekodzero zhinji nemiganhuwo. Pamusoro peizvi. United States sedzimwe nyika zhinji, ine hurumende dzakawanda, zvinosanganisira matunhu

anozviitira mitemo yawo nenyika pachayo uye inotsanangura kodzero dzhurumende idzi zvekare.

Mabhizimisi nemakhambani anekodzerowo asi kwete nekuva pasi pemutemo nezvibvumirano zvaanopinda chete. KuUnited States, nekuda kwemutongo wakatemwa nedare repamusoro-soro, makambani 'vanhu' vakazvimirira pamutemo. Anotorwa sevanhu uye anopihwawo kodzero dzakafanana nevahu. Kutorwa kunoitwa makambani uku ndikwo kwave kungotevedzerwa pasi rose.

Kuvapo kwekodzero dzevanhu nedzemapazi kunokonzera kuvhiringidzika kukuru. Kana paine gakava pakati padzo, ndedzipi dzinofanirwa kutevedzerwa? Mutemo wakakosha weutongi hwezvido zvevanhu haungotarisi kuti simba remunhu rakakosha, kodzero dzemunhu dzakakoshawo. Asi munyika yazvino, mapazi ave nemasimba akanyanyisa zvekuti kodzero dzevanhu hadzichambokosheswa.

Pamusoro pekodzero dzevanhu nedzemapazi pane mubvunzo wekodzero dzeupenyu, dzezvimwe zvipuka kana kuti zvisikwa zvese. Kunyangwe zvingave zvisingatarisirwi kuti zvipuka zvinodya zvimwe zvizvinetse nekuda kwekodzero dzezvimwe zvipuka, ndizvo zviru kutanga kuitika.

Panotangira maonero aya ndepokuti tinepfungwa isiri yezvokwadi. Tinozviona setakasiyana nezvimwe zvese zvisikwa asi isu tisina. Nyika inosanganisira mhuka, vanhu nezvirimwa uye kuti dzinodyidzana sei. Zvinhu zvose zvinopindirana uye zvinodyidzana. Izvi zvinoreva kuti upenyu hwune kodzero dzinofanirwa kutichengetedza. Semuenzaniso, makambani anoona zvisikwa setsime rwezingavabatsire kubudirira. Tikabvumira makambani rusununguko rwakadai, zvisikwa zvichaparadzwa – zviru kuparadzwa kusvika pachinhanho chekuisa upenyu hwedu panjodzi.

Tinofanirwa kutevera mamiriro ezvimwe zvisikwa zviru panyika, kusanganisira mukana yazvo pamwe nezvinoidzvirira. Kubudirira kwevanhu pamwe chete nekwematunhu kwakarereka pautano hwenyika.

Sezvinei, kodzero dzedzimwe mhando dzeupenyu dzakadzika kupfuura apa, kupfura kudiyidzana kwadzo nezvatinoda. Kana upenyu hwuchipa kodzero, dzinofanirwa kuwanikwa kuzvinhu zvose zvipenyu. Kana tese tiri chidimbu chezvinhu zvakafanana, zvinu zvese zvine kodzero yekuremekedzwa nekudzivirirwa kwakaenzana.

Pamusoro pezvo, pane mubvunzo uri maererano nechinangwa. Hapana anoziva chakanangwa neupenyu, ndokunge hwunacho. Tinorarama papfungwa yekuti hwunacho chinangwa chinova chakapfuura chedu sevanhu chekuramba tiri vapenyu.

Upenyu hwuripo kuti hwusanduke kuti pavepo kudyidzana kuri nani nenharaunda, uye kutevedza zvinangwa zvepamusoro zveupenyu. Kodzero iyi yekusanduka ikodzero yakakosha. Nokudaro isu, sezvisikwa zvinotungamira kupfuura zvimwe panyika hatina kodzero yekuramba kodzero idzi.

Pfungwa yekuti upenyu hwese hwunekodzero ine mibayiro mizhinji yezvakanaka nezvakaipa. Zvinoreva kuti tinofanirwa kuderedza kukuvadza kwezviwanikwa nezvisikwa zvemhando yedu nepose patinogona napo kupfurikidza nekuona kuti uwandu hwedu hahwunyanyisi kushandisa zviwanikwa zvakananyisa uye kucherechedza mashandisirwo emichina.

Tinofanirwazve kushanda kuti tidzosere nzvimbo dzechisikirwo neuwandu hwezvimwe zvisikwa kuti zvisanduke nenzira yazvo. Hatina kodzero dzekuvhiringidza sanduko yezvimwe zvisikwa izvi kupfurikidza nekupindira musanduko idzi.

Utongi hwezvido zvevanhu hwakaumbwa neurongwa hwekodzero. Kodzero idzi dzinofanirwa kupihwa munhu wese; kuzvinhu zvose zvinorarama.

Pfungwa yekupedzisa ichapa sanduko kupfungwa dzanga dzichitsanangurwa pamusoro ndeyekuti muupenyu, hamuna chinhu chinonzi kodzero. Kodzero dzinongovapo apo padzinenge dzashandirwa. Kodzerwo dzisina izvi dzakafanana nemibayiro isina nzira dzekuiwana. Kusava nekodzero dzaunofanirwa kuve unadzo zvinokuita kuti uve munhu anogaratadzirwa.

Semamiriro azvakaita, kodzero dzekuenzana, dzerusununguko, dzekuwana kudya nekunwa dzinoonekwa sedziri pachena zvekuti dzingatorwa sedzisina maturo asi mukuita izvi handizvo. Kodzero dzisina kuhwinwa nekudzivirirwa hadzina maturo. Kana kodzero iyi isipo ikozvino, haizombofi yakavepo; kana iripo inogona kungobviswa zviri nyore.

Tsananguro inechokwadi chiri nani chekodzero ndeyekuti zvinangwa, kana kuti zvatnofanirwa kuve nazvo muupenyu. Tinogona chete kurarama kana zvatnofanirwa kuve nazvo tazwiwana uye zvinangwa zvedu zvazadziwa; zvimwe chetezvo nekodzero. Tinogona chete kurarama kana tinadzo.

Vana vane kodzero here? Vanadzo kana vakuru vadzirwira kuti vadziwane nekudzidzimirira. Nharaunda nezvimwewo zvisikwa zvinekodzero here? Ndokunge tadzirwira nekudzichengetedza.

Kodzero hadzisi mukana wekuwana kana kuita zvaunoda. Zvinangwa pamwe nezvitsvako. Muupenyu hapana chinowanikwa pasina mutengo. Upenyu hahwuna chipo chakadai, kunze kwezvisikwa zvahwo.

ZVATAKAMIRIRA NEMABASA EDU

8.VANHU MUUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU--Sei tine utongi hwezvido zvevanhu? Mumamwe mazwi tingati, hwakagadzirirwa ani? Vanhu, ruzhinji, ndiyo mhinduro. Kuvapo kwekodzero dzevanhu dzisingabvisiki nekuti simba riri muvanhu zvinoratidza kuti matunhu anofanirwa kuve neutongi hwezvido zvevanhu. Izvi hazvingatorwi senzira imwe chete. Kuti utongi hwezvido zvevanhu hwubudirire uye hwushandire vanhu, vanhu vanofanirwawo kuita zvinhu zvine chitsama. -- Mutsauko uyu, wekuti hwutongi uhwu hwunofanirwa kutishandira nesiwo tichihwushandira, uri nyore kunzwisisa kana takatarisa utongi hweudzvanyiriri. Vanhu muutongi hweudzvanyiriri vari pasi pevatongi, kwete vaiti muutongi. Havagoni kutaura zvingaitwe asi kuti vanoudzwa zvekuita. Kutonga kwakaipa nekumanikidza kweudzvanyiriri kunoita kuti vanhu vatsvage kurarama chete. Zvinowanizotika kuti vashandise nzira dzekurarama vari muzvikwata. Kunyangwe kuita uku kuchimanikidzwa nemamiriro, vanoshanda pamwe chete. Ndicho chinhu chakakosha chinotarisirwa kuti vanhu vave nacho muutongi hwezvido zvevanhu; vanofanirwa kuve vachida kushanda pamwe chete. Mumatunhu akadai, vanhu vanoumba zvirongwa zveutongi hwezvido zvevanhu kunyangwe vari muutongi hweudzvanyiriri. Izvi zvinoratidza kuti utongi hwezvido zvevanhu hwunogona kuzvitikira hwega nekuda kwematambudziko eupenyu uyezve, kuti hwunoshanda. Vanhuwo vane chimwe chimiro, chinonzi 'chimiro chevanhu.' Kunaka kwenharaunda kunotoredzera kunaka kwevanhu vari munharaunda iyi. Utongi hwezvido zvevanhu hwunodavira kuchimiro chevanhu. Hahwuna kutsamira paongororo isiri yechokwadi, kunyanyonatsurudzwa kusiriko. Chokwadi ndechekuti urongwa hwakagadzirirwa kushanda nevanhu sezvavari. Vanhu vanowanizokusatevedzera mutemo wekuziva chakanaka nechakaipa. Utongi hwezvido zvevanhu hwunosanganisa urongwa hwakawanda, kutanga neurongwa hwemutemo kuti hwuongorore utongi uhwu. Chimwezve chinowanikwa pavanhu ndechekuti takazvimirira toga (independent). Hatidi kuudzwa zvekuita. Zvazvinoreva ndezvekuti zvatinoita mumatunhu edu zvinofanirwa kuve zvekuzvidira. Utongi hwezvido zvevanhu hwakaumbwa pamaitiro ekuzvituma uye ndicho chega chirongwa chinotendera izwi reruzhinji, chinotirega kuti tiite zvatinoda. Chinhu chekupedzisira cheunhu hwedu ndechekuti tinogona kufunga. Utongi hwezvido zvevanhu hwakaumbwa pakufunga kwete manzwira. Hwunofungidzira kuti tinogona kupatsanura pakati pesarudzo zhinji dzatinadzo uye kuti tine chido chekuzviita. Utongi hwezvido zvevanhu hwune pfungwa yekuti tine chido chekuda kunzwisisa nyika uye kuti tichashanda kusvikira tanzwisisa. Kugona kusarudza nemazvo kunoda dzidzo, kunzwisisa chiri kutsvakwa, ruzivo, kuti tigone kuona sarudzo idzi tichishandisa mufananidzo mukuru. Zvakakosha zvikuru kuona

kuti kwekutanga muopenyu hwevanhu, dzidzo yave kupiwa kuvana vose pasi rose. Zvimwe chetezvo, kugona kuenda kunyika dzose kunova nzira yekuwana ruzivo ruzhinji, kwave kugona kuitwa nemunhu wese. Tave nezvinofanirwa kuvepo kuti tigone kupinda mune zvingasheedzwa se“Nguva Yeutongi Hwezvido Zvevanhu.” Utongi uhwu hwunotsvagawo kuzvidzora, zvikuru pakuti vanhu havadzoseri nemhirizhonga kana vakundikana pasarudzo, isina kufamba nenzira yavanga vakatarisira. Hwunotsvaga kuti vavhoti vanenge vakundwa pasarudzo vagone kuzvibata vomirira kusvikira sarudzo inotevera yasvika kuti vawane umwe mukana wekuvhota. Dambudziko rakakosha reutongi hwezido zvevanhu nderekuti zvakananda zvinoitika mumatunhu zvinotsvaga kudzikisira pasi kufunga kwedu pamwe nekuzvidzora. Semuenzaniso, mapazi anotiona sevanhu vari pasi pawo. Kuzvitendero, tiri vatendi uye kumakhambani tiri vashandi kana vatengi. Mapazi aya anoedza kutitonga kupfurikidza nekutikwezva kuchishandiswa zvinotibata pamanzwira edu. Kugona kusarudza zvekuita kwemunhu kunotanga pazera reupwere uye sevana tinogamuchira zvatinouudzwa nevabereki. Nokudaro hatisarudzi, uye tinova vagamuchiri vezvese zvinotenderwa nevabereki vedu zvavakadzidziswawo. Patinozokura, ndipo patinotanga kudzidza kuzvifungirawo. Ndipo patinotanga kuva nesimba rekuramba zvinobva munharaunda kusanganisira zvatakagamuchira sevana. Izvi hazvisi nyore. Zvaitika muudiki hwedu zvakananyorwa mupfungwa dzedu uye zvimwe zvatinotendera zvakasimba zvekuti hazvigoni kutsoropodzeka. Semuenzaniso, vechiMuslim havagoni kutongesa zvechitenderano chavo. Kuita izvi kunovaita vanhu vakundikana pachitendero. KuUnited States, mutungamiri wenyika, mauto nemapurisa vanoonekwa (kana kuti vaionekwa) sevanhu vasingafaniri kutsoropodzwa. Munhu anopokana nekusashandiswa kwakanaka kwemasimba anoonekwa seasina rudo nenyika yake. Mifananidzo iyi inoratidza misiyano yakavanzika yatinofanirwa kunzwisisa. Chitendero chinopupura zvemweya nenzira yakatendeka hachitsvagi kutsiurwa asi chinoparadzira ruvengo chinofanirwa kumiswa. Mauto anochengetedza matunhu uye kana akokwa achirwa hondo nenzira yakatendeka inotsaura chakanaka nechakaipa anofanirwa kupembedzwa, asi ayo anotanga hondo dzekudenha nemaitiro asina unhu anofanira kutsoropodzwa. Mapurisawo anorwisa kuparwa kwemhosva achiisa upenyu hwawo panjodzi magamba asi ayo anochengetedza vaiti vezvakaipa vapari vemhosva pachezvavo. Kuti utongi hwezvido zvevanhu hwushande nemazvo, hapana chinofanirwa kusatsoropodzeka. Tikadaro tinenge tarasa kodzero dzedu dzekutaura takasununguka, tatatora danho rekutanga rekuva pasi peutongi hweudzvanyiriri. Dambudziko rekutarisana nezviri munharaunda rawanda zvino kupfuura kare. Nhepfenyuro dzeterevizheni nemafirimu dzine simba rakawanda zvekuti zvinobudapo zvinokanganisa mafungiro evanhu. Kana takatarisa kurudziro inobva munharaunda, kufunga kunogona kuva kwenguva pfupi. Hakuvipo nguva dzose. Semuenzaniso, zvinovhiringidza kuti vanhu vanova nyanzvi dzokutikurudzira kuti tivavhotere, havawanzova vadzidzisi kwavo, vanhu vanonyatsogona kutsanangura zvidimbu zvese zvenyaya dzakaoma. Ndivo vanhu vanongogona kutaura zvinhu zvisingaitwi nekutonga maitiro edu. Panguva dzose dzinosanganisa zvikwata zvikuru, ndivo vanhu vanogona kunyengetedza nekukwezva vateveri vakawanda kupfuura vatsanangurwa pakutanga. Utongi hwezvido zvevanhu hwunopa vanhu basa rekuramba kunyengetedzwa kwerudzi urwu vachisarudza nzira kwayo yemafungiro. Parizvino tinokundikana kazhinji kuita izvi. Vanhu vanoratidzawo kumwe kukundikana, zvichienderana nemhando yeutongi hwezvido zvevanhu yavari kurarama mairi. Semuenzaniso, zvinowanikwa kazhinji muutongi hwezvido zvevanhu hwutsva kuti vanhu vatengese mavhoti avo. Utongi uhwu hahwugoni kushanda

zvakanaka kana paine zviitiko zvakadai. Muutongi hwezvido zvevanhu hwati kurei veruzhinji vanowanoregedza kuvhota. Mukuedza kupindura zvinounzwa nenharaunda, vanhu, pamwe chete nemapato avo vanobva vava nepfungwa dzakapesana vobva vatadza kushanda pamwe chete. Utongi hwezvido zvevanhu hwunopa chipimo chepamusoro kune avo vari mahwuri. Mumatunhu akawanda parizvino vanhu vazhinji havasi kugona kuita izvi. Izvi hazvirevi kuti tinofanirwa kubva taregedza urongwa uhwu tohwutora sechidzidzo chisina kubudirira; totanga kutevedza dzimwe nzira dzepasichigare dzekurongwa kwematunhu (akarerekera pamutemo wechisikirwo kwete kodzero dzevanhu). Izvi zvinoreva kuti tichine basa rakawanda rekuita. Kana utongi hwezvido zvevanhu hwukakundikana, vanhu vanova mapoka asina kurongeka, kusanganisira zvinhu zvakaita sevateri vakanyanya muzvitendero kana kunyika yavo. Zvakadai hazvigamuchiriki. Tinofanirwa kudzidza kushanda pamwe chete, toisa kusanzwanana kwedu parutivi. Kuti izvi zviitike munhu wese anofanirwa kutarisana nekukurira zvinokonzera zvikwata zvakadai. Izvi zvinoratidzawo kuti zvinotarirwa pamunhu hazvingopereri pakuvhota chete. Vanhu vanofanirwa kuramba vachingoongorora vakavhoterwa nekupa pfungwa dzavo pazvinhu zvakakosha. Vatungamiri vanofanirwa kumiririra zviito zvavo uye avo vanoshandisa masimba avo zvisizvo, vavabvise pamabasa avo, kuvataurira mhosva dzavo nekutongwa sevapari vemhosva.

9. KUKAKAVARA NEKUMUKIRA (DISSENT AND REBELLION)

Muutongi hwezvido zvevanhu, masimba evanhu anopihwa kunyika. Simba iri rinogona kutorwa kana kodzero dzevanhu dzisina kuchengetedzwa.

Pamusoro pezvo mumatunhu anhasi, mapazi emagariro anoshanda sehurumende (anotonga maitiro evanhu). Kukakavara kunowanikwa kumapazi ese aya.

Kudikanwa kwekukakavara kunobvira panezvinotarirwa kumunhu. Kana vatungamiriri vematunhu vakundikana, tinofanirwa kutarisana navo. Tinofanirwa kuvamanikidza kuchinja kana kuvabvisa pautongi.

Kukakavara kwakarerekera papfungwa yekuti utongi hwezvido zvevanhu idariro repfungwa dzinokwikwidzana. Kuti dariro iri rishande nemazvo, kuti pavepo kusarudzwa kwepfungwa dzinokunda dzose, kodzero dzakakosha dzerusununguko rwekupa pfungwa dzako nekusanganana dzinofanirwa kuchengetedzwa.

Kukakavara kwakakosha muutongi hwezvido zvevanhu. Vatungamiri vematunhu havafaniri kungogamuchira chete kuti kukakavara uku kunofanirwa kuvepo, vanofanirwa kukukurudzira zviri pachena. Vatungamiri vasingaiti izvi vanongoitira kukakavara mwoyo murefu, vanokuona semuvengi anofanira kuvepo, havanyatsonzwisisi utongi hwezvido zvevanhu.

Hurumende dzinowanzova nemaitiro ekudzima kukakavara, zvinova zvisina kuoma kunzwisisa. Kukakavara kunowinza tsoropodzwa, hapana anoda kutsoropodzwa.

Poga-poga panova nevanomukira hurumende, hurumende inofanirwa kuzvibvunza kuti sei vavepo pane kutsvaga nzira dzekuvabvisa. Haifanirwi kuzvidzvirira nekurwisa vamukiri ava kana kushandisa chisimba kudzvirira madhizidhendi aya. Hatitsvagi kudzvirirwa kubva kune vanotitsoropodza mumagariro edu, vanhu vakakosha vanoita kuvepo masimba ekuita basa nekuti zvinhu zvisangogara zviri zvazviri.

Mhinduro yakapfuura dzose kana paita kutsoropodzwa kugamuchira chichemo nekuva nenguva yekufunga pamusoro pachu. Mhinduro dzinoitwa ipapo-ipapo ,dzinowanzokuchidzirwa nezvauri kunzwa panguva iyoyo, hadzina zvadzinoita kuti mamiriro ezvinhu ave nani.

Kukakavara kunowanzozviburitsa nenzira dzakasiyana dzinosanganisira kugunun'una, kusateerera uye kuratidzira. Udzamu hwokukakavara hwunoburitsa chinangwa chekukakavara; zvichemo zvacho zvinenge zvine vanhu. Kungave kusangowirirana here pamusoro pemitemo yehurumende kana kuti pane zvikwata zvevanhu zviri kusarudzwa kana kushandisirwa chisimba?

Semuenzaniso, kusateerera kwevanhu kunovapo apo vanhu vanomirisana nemutemo usina kunaka, kana kushandiswa kusina kururama kwemutemo. Panguva dzakadai, vanonzwa vachimanikidzwa kuti vamirisane nemutemo uyu uye vanhu vazhinji vanobva vasungwa. Kutipave neshanduko, vanhu vanofanirwa kusungwa, mutemo wakaomarara zvekuti hautenderi kuti ivepo sanduko isina kutora gwara iri. Muenzaniso ungapiwa ndewekuratidzira pamusoro pekodzera dzevanhu kuUnited States. Izvi zvakaridzira kuti munharaunda isingagamuchiri pfungwa dzinopikisa uye isingashanduki, hapana chingashanduka kana shanduko isina kumanikidzirwa nekuzvipira kwakadai.

Kukakavara munzira dzakarongeka kungatorwa sekushandira sanduko (activism). Panyika pose, pava nekuwedzerwa kweuwandu hwevaiti ava nemabhizinesi avo uye uku kuita kwakanaka chose. Vanhu vazhinji vave kusiya pfungwa yekuzviita vazivi vachitanga kushandira kuti zvinhu zvive nani, kusanganisira kutongesa vatungamiri vematunhu.

Kushandira shanduko kunotangira pakuziva chakanaka nechakaipa sezvo kuita uku kusingavi budiriro yakanaka kana kusingapfuuri ruzivo rwechakanaka nechakaipa

rwevavari kutsvaga kusandura. Mumamwe mazwi tingati nzira dzekuita idzi dzinofanirwa kutsigirwa neruzivo urwu sezvinozowanikwa kwekupedzisira.

Chinofanira kutanga kuitwa pakushandira shanduko ndechekuti unofanira kuziva chinokusunda; dambudziko rinokunetsa, sei richikunetsa uye kuti ringagadziriswa sei. Zvakare, unofanirwa kutarisa kukosha kwazvo, ndiani anoita zvinokuvadza nekuti ndiani anokuvava, kukuvara kwemagariro kana kuti munharaunda. Kupfuriidza nekutarisisa kwakadai, vashandiri veshanduko vanokoshesa nekutarisisa matambudziko anounza kukuvara kwakanyanya, parizvino kana kunogona kuvepo (semuenzaniso, kudziya kwenyika).

Kukakavara kana kwakarongwa sekushandira sanduko, kunogona kumanikidzira sanduko. Izvi zvinowanzokonzera kudzorera kubva kune veruzhinji, kunogona kutora mhando dzakasiyana.

Mapazi emumatunhu, kunyanya hurumende nemakhambani, nekutsigirwa nenhepfenyuro, anoedza nepaanogona napo kuseka nekuita vashandiri veshanduko vanhu vakaipa. Vashandiri ava vanoratidzwa semapenzi, sevanhu vasinganzwisisi. Kupindura pfungwa iyi, tinofanirwa kuona kuti tsananguro yeshoko “rekuva vasinganzwisisi” yakashanduka. Mumakore makumi matatu apfuura, kubatsira nyika, kuchengetedza nharaunda, kwaitorwa sekusanzwisisa. Mazuvano, kwave kugamuchirwa sezvinofanira kuitwa, kwete zvinotarisisirwa chete. Vasinganzwisisi vemakore makumi matatu apfuura vaitove vanetarisiro yeramangwana (visionary).

Vashandiri veshanduko vanowanzokusacherechedzwa. Vanobviswa mukuzivikanwa neveruzhinji. Kana vakabudirira kuti vanzwikwe, vakurira kumbunyikidzwa kwose, vanoitwa vanhu vakashata. Veruzhinji vanoudzwa kuti vashandiri veshanduko matororo.

Chikonzero chekusvibiswa kwakadai ndechekunatsurudza kushandiswa kwechisimba nemapurisa kupedza kukakavara. Munyori Andrew Powell anoona kuti vashandiri veshanduko vanogona kuonekwa semhandu dzenyika, kwete varatidziri vane chikonzero. Vanogona kuongororwa muchihwande, kudzvarwa vavengi mukati mavo nekunyaradzwa nechisimba. Vashandiri ava vanogona kusungwa vachipihwa mhosva dzekunyepera kana kurayiwa chaiko.

Vanhu vane kodzero yekuratidzira. Hazvigamuchiriki kusazvitendera kunyangwe nenzira ipi, kunze kwekuita kunotorwa semhosva zvechokwadi. Semuenzaniso, vatungamiri vekune dzimwe nyika vanoedza kubvumira kuratidzira kunzvimbo idzo dzavanosheedza ‘sedzinobvumirwa kutaura’ chete sezvinonzi rusununguko rwekupa pfungwa dzako hadzisi kodzero asi chipo chatinopiwa nehurumende.

Kukakavara nekushandira shanduko kunosanganisira pfungwa yekusanduka, kuti mapazi emumatunhu, nekukuridzirwa kwakafanira, anogona kugutswa kuti ashanduke. Kunyangwe izvi zvichigona kuitika muutongi hwezvido zvevanhu, hazvivi zvakanwana muutongi hweudzvanyiriri. Kutipave neshanduko muutongi hweudzvanyiriri nemuutongi hwezvido zvevanhu, kumukira hurumende kunofanira kuvepo.

Mutsananguro, kumukira chinhu chiri nyore. Zvinoreva kusaita zvaunenge wanzi uite. Mukuita, kunowanzone kusiri nyore. Vamukiri panguva yekusanzwanana vanoisa upenyu hwavo nehwehuri dzavo panjodzi nekuda kwezvavanotendera. Kumukira kwechokwadi kunotsvaga kuzvipira nekuzviisa munjodzi.

Imwe nyaya inoomesa zvinhu ndeyekuti kumukira uku kunogona kusava kwechokwadi kana kuti kunangiswa pasiripo. Munguva dzekukavadzana kumukira kusiririko kumukira kwakanganangana nekuwana masimba asi kuchiratidzwa sekurwira ugaro hwakanaka. Kana vakunda, vamukiri ava vanobva vasiya zvinangwa zvekumukira vobva vave chikwata chinotevera chevadvanyiriri. Pakumukira kwakanangiswa kusiriko, kunowanikwa apo vamukiri vanozvidza hwaro hwavo hwekuziva chakanaka nechakaipa pakuita utoro kana kubatana nevapari vemhosva. Semuenzaniso, vazhinji vevanhu vakarwisa masimba evapambepfumi pasi rose, zvikuru panguva yakatevera Hondo Yepasi Rose yechipiri (World War II), vanga vari vamukiri vasiri vechokwadi. Pakawana nyika dzavo kuzvitonga, vakasimbaradza masimba avo, kazhinji nekushandisa chisimba kurwisa vavaive vakambobatana navo, vachibva vatanga utongi hwehurumende ine masimba ose (autocratic).

Vanhu vanopfuura mabhiriyozi maviri pasi rose vari pasi poutongi hwevadvanyiriri uye vanotongwa kuchishandiswa nzira dzakaoma dzinosanganisira chisimba. Mudzimwe dzenyika idzi, kusatendera hondo nekurwisa kunoshanda, zvinokunda kurwisa neudzvanyiriri uhwu asi mune dzimwe nyika hakugoni. Pakadai, vanhu vanofanirwa kurwisa chisimba nechisimba, mumamwe mazwi, kurwisa nezvombo.

Zvakakosha kuziva kuti kurwisa kunotendereka chete kana uchiedza kuzvidzvirira uye kana paine kutyisidzirwa kuri pachena kwauya ipapo ipapo. Vamukiri vazhinji vanowanzone matororo kana vasiya pfungwa iyi yataurwa pamusoro. Munyika dzakaita selsrael nePalestine, matunhu azvidzikisira kusvika padanho rekuti munhu wese ari kudivi rinopikisa, munhu wese anoshanyira divi rinopikisa anotorwa semuvengi akakodzera kurwiswa. Izvi zvinosanganisira vanhu vechikuru, vana kunyangwe vashanyiri venzvimbo. Hakuna chinhu chinonzi munhu asinei nehondo. Panzvimbo dzakadai vanhu, vanogamuchira pfungwa yemhosva yemunhu wese nekurangwa kwevose vasingazvicherechedzi, kunova kusaziva chakanaka nechakaipa muvanhu.

Izvi zvinoburitsa pfungwa yekuti kana wapinda pamukana wakamanikidzika unokutuma kumukira, zvakakosha kusiya manzwira panze. Kumukira kwako kunogona kuva kuchisundwa neruvengo, kutsamwa kana zvaitika kwauri, zvaitwa nevanhu kwauri asi kana uchimukira unofanirwa kumbunyikidza manzwiro akadai. Kutungamira kumukira kwako nemifungo kunowanzobudirira uye hakunyanyovi kwakanangiswa kusiriko.

10. VATUNGAMIRI

Kuzvimirira semunhu kunoreva kuti hatifanirwi kuisa ruvimbo rwedu rwose pavatungamiri. Tinofanirwa kugona kuzvitungamira, kuuya nenzira yekutonga inogamuchira manzwi ose nenzira yakaenzana pasina vamwe vane masimba mazhinji zvichita kuti pasave nekushandiswa kusiriko kwesimba.

Chokwadi chinowanikwa muupenyu hwevanhu ndechekuti nekuda kwezvikonzero zvezvakaitika kare nezvimwewo, tine chimiro chine utungamiri. Chimiro ichi chinobvira pazvirongwa zvekare zvekugarisana uye kunokonzera kusashandiswa kwakanaka kwesimba kwakasiyana-siyana.

Kutangiswa kwemapazi ekugarisana kwakakonzera kuvepo kwezvinzvimbo nekudiwa kwevatungamiri. Pakutanga vanhu vaive vane unyanzvi hwaidiwa nemabasa ndivo vakatora zvinzvimbo izvi. Mapoka echiuto aitungamirirwa nevarwi vembiri; hurumende, mapazi eupfumi neechitendero aitungamirirwawo neavo vaive vakakodzera, vaigona kuumba urongwa hwekugarisana hwakagozha kana kugona kugadzirisa matambudziko aivepo, vaive neruzivo rwezvekutengeserana uye vaive nefungidziro yaivagonesa, pakuita izvi kuumba nyaya dzakanaka dziri pamusoro pepakatangira upenyu nezvakavanzika zveupenyu.

Mumamwe mashoko, muzvikwata zvekugarisana zvakatanga utungamiri hwaipihwa kuchitariswa kugona kwako. Vanhu vaisarudza kutevera vanhu vairatidza kupfurikidza neunyanzvi neruzivo rwavo kuti vanokwanisa.

Utungamiri hwemhando iyi hwunoratidza chinangwa chematunhu chekukurudzira kubudirira. Tinotendera kuti zvakakodzera kupa mibayiro kuvanhu vanokunda vane zvinzvimbo zvekuvimbika nesimba.

Zvisinei, nzira yekugadza nekuda kwekugona kwemunhu haina kugara kwenguva refu. Ruzivo rwakanyanya pachinzvimbo rwakaunza chizivano uye tichiri kurarama nacho nanhasi.

Chikonzero chechiitiko chakadai ndechekuti utungamiri hwagara hwunowinza uwori. Muudzvanyiriri, vatungamiri vanotongera zvido zvavo nezveavo vavanonzwanana navo. asi izvi zvinowanikwawo muutongi hwezvido zvevanhu. Muutongi uhwu, vatungamiri vanofanirwa kushandira veruzhinji, kwete zvido zvavo chete. Vatungamiri vazhinji vanokundikana pamuedzo wekushandisa simba ravo kuwanisa ivo pamwe nekubetsera vana vavo.

Vatungamiri vanokurudzira zvido zvemabhizimusi avo ekare kana mabasa avaimboita. Semuenzaniso, kuUnited States George Bush naDick Cheney vaishanda kumafuta vasati vave vatungamiri uye utungamiri hwavo hwunokoshesa bhizimusi rezvemafuta. (Izvi zvinobetsera kutsanangura kuti sei nyaya dzezvakatikomberedza dzisingakosheswi kana kucherechedzwa; vatungamiri vazhinji vanosarudzwa vanobva kuindastiri yezviwanikwa. Zvimwe chetezvo, vatungamiri vanogona kukanganiswa nezvivimbiso zvavanopihwa zvemabasa akanaka kana vachinge vabuda muhurumende.

Matunhu anowanzoda kuvimba nevatungamiri nekuti akavambwa nekukwikwidza. Vatungamiri vane basa rekutaura zvichaitwa mumatunhu uye vanhu vanoratidza kuve neruzivo rwuzhinji pane zvizvi, vanogona kubatsira chikwata kuti chikurire zvimwe. Izvi zviripachena mukukwikwidzana pahondo apo utungamiriri hwakasimba hwunopa mukana uri nani, pane dzimwe nguva hwakakwana kuvharidzira kuve pasi kweuwandu hwemauto nezvombo kwavo. Zvakanakira utungamiriri zvinoonekwa pakukwikwidzana pane zvoupfumi apo makambani ane vatungamiri vakasimba achibudirira asina achikundikana.

Izvi zvinoratidza kuti kuzembera pavatungamiri kunetsaona zhinji yekutanga inova kusagona kutungamira. Semuenzaniso, nyika zhinji dzinowanzodzokorora mhosho dzakafanana nedzeavo vavakatsiva. Izvi zvinoburitsa pfungwa yekuti tinogona kudzidza chete kubva kumhosho dzatinenge taita pachedu.

Vatungamiri vazhinji vanowanzokuvadzwa nekutaura pamusoro pavo zvakananyisa. Vanogona kuve vatinoona “sevakanakisisa nekubwinyisisa” asi ichi hachisi chiratidzo chekuti vachagona basa. Zvinoitika kana uine ruzivo rwepamusoro ndechekuti unoona kuti unogona kunzwisisa zvinhu kupfuura vamwe. Nokuda kweizvi, unobva wada kuve pamusoro, kuona kuti zvinhu zvaitwa nenzira kwayo-nzira yako. Mukudai, zvirinyore kukanganwa kugona kukundikana kwakowo; kuti unokwanisa, unoita mhosho, zvikamu zvisere kana zvipfumbamwe kubva mugumi unogona kunge uri mugwara asi kwete nguva dzose. Asi unomanikidzira zvinhu nguva dzose sezvinonzi zvakanaka kuti zviitwe. Unokanganwa kuti vamwe vanhu havana kupusa kana kusadzidza uye kuti vanogona kugadzirisa matambudzikowo, kana kuri kuti naivo vari mukati mezviri kuitika, vane kodzero dzekupinzwa muhurongwa hwekubuda nemazano ezingaitwe.

Kupfurikidza nekuzvitutumadza uku, zviru nyore kuti vatungamiri vakanganwe kuti varanda veutongi hwezvido zvevanhu uye kuti vari kutanga mhosho dzinotyisa dzeupenyu.

Kukoniwa kunoenderana nekwataurwa pamusoro kwevatungamiri kunoitika apo vanozviunganidzira vashandi vasingabvunzi kana vaya vanovatutumadza. Izvi zvinovabvisa kubva pane mamwe maonero neumbo hwunopikisa. Kugona kubuda nemazano epamusoro - kuumba mitemo yepamusoro - kunotsvaga kuongororwa kweumbo hwese hwuripo.

Utungamiri hahwusi chidzidzo. Nekuda kwemibayiro yahwo, hunounza kurema kwakanyanya. Vatungamiri vanofanirwa kugona kutakura kurema uku zvakanaka. Kana vasingagoni vanowanzoshandisa vari pasi pavo nenzira isiriyo. Zvinoshamisa ndezvekuti matunhu anogamuchira vatungamiri vanoshandisa zvakaipa ava, chero vachiita kuti basa riitwe. (Uyu ndeumwe muenzaniso wenzira dzekuita nezvichabuda kwekupedzisira.)

Muedzo mukuru pautungamiri hwezvematongerwo enyika uwori hwune chekuita nemari. Vanhu vanoshandisa mukana wesimba ravanaro kupfumisa mhuri dzavo, upfumi uhwu hwunoshandiswa nezvizukuru zvichatevera kupfuudzira mberi simba rezvematongerwo enyika remhuri. Zvimwe chetezvo, vanhu vanoshandisa mari inobva kuvanhu vane zvavanoda kuti vatsvage mavhoti pakukambena, vozotonga vachizadzisa zvido zvevanhu ava kwete zvevoruzhinji.

Udzamu hweuwori hwezvemari hwunowanikwa pasi rose hwakanyanyisa, vanhuwo zvavo vanosungirwa kuba muzvitoro asi vatungamiri vanoba mamiriyoni emari vachizvifambira vakasununguka. Mhando dzekutonga dzeuwori dzinosanganisira 'uwori hwemitemo' apo vatungamiri vanoisa mitemo inokurudzira zvido zvavo zvemuchihwande (sekuderedza mari inobhadharwa mumabhizinesi avane mugove maari) neuwori muzvibvumirano zvehurumende apo mabasa anopiwa pachizivano kuchibviswa chiokomuhomwe.

Chizivano neuwori zvakabatana kuumba chikamu chevatungamiri chakakomborerwa nemikana. Uku kukundikana kunowanikwa muutongi hwezvido zvevanhu pasi rose: ndeavo chete vane upfumi hwakanyanya, kazhinji vane vabereki vaimbove vatungamiri, ndivo vane mikana yekukunda.

Dambudziko rakanyanya revatongi rinowanikwa pavanhu vanoshandira kudzikisira utongi hwezvido zvevanhu. Vamwe vanhu vanenge vasarudzwa vanoedza

kuzvishandura kuti vave vadvanyiriri nekusava nei nezvido zveruzhinji nezvivimbiso zvavo pakambeni nekushanira kuparadza mapazi eutongi hwezvido zvevanhu mumatunhu kuitira kuti ivo nemapati avo vasabviswe pasimba reutongi.

Mienzaniso iyi inoratidza pfungwa dzakadzama pamusoro pevatungamiri: avo chete vanotarisa kuva nemasimba ose ndivo vanosarudzwa. Vamwe vanhu vakazvarwa vari vatungamiri nekuda kwekuti ndivo vanonyanyogona. Asi vamwe vanoshingirira kuti vasvike kumusoro uye vanoita chero chii kuti vasvike. Utungamiri mumagariro anhasi hwuri pasi pemutemo wechisikirwo, unhu hwakafanana nekusava netsitsi hwakakosha sekugona kuita basa.

Dambudziko rakadzama kupfuura ose nderekuti hatigoni kupatsanura pakati pevatungamiri nevadzidzisi. Vatungamiri vechokwadi havaudzi vanhu zvekuita. Vanobetsera kudzidzisa veruzhinji kuti vazvifungire zvekuita pachavo. Kupfurikidza nekuita uku, vanoita kuti kuvapo kubvumirana pane zvakanakira munhu wose.

Ndihwo chete utungamiri hwunobvumira kuve nechekuita kwevanhu mune zvingaitwe muutongi hwezvido zvevanhu hwemazvo, zvinoita kuti zvigoneke kupunyuka kubva mukukwikwidzana nemutemo wechisikirwo.

MAPAZI EUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU

11. UONGORORI HWEMAGARIRO NEKUENZANISA

Kusashandiswa zvakanaka kwesimba mumagariro kunogona kunyanyisa kana kukuvadza - kunokonzera zvinhu zvakaita seutapwa nekuparadzwa kwedzimwe mhando dzevanhu- zvekuti kunofanirwa kurwiswa nemazvo. Kutigone kuita izvi, tinoshandisa urongwa hwekuongorora nekuenzanisa. Tine uongorori kudzikisa ukuru hwepanobvira kuwanda kwesimba iri nekuenzanisa pese panobvira simba iri. Nekuda kwekuvapo kwekugona kusashandiswa zvakanaka kwesimba, urongwa hwanyuka hwunoviringidza. Kunyangwe pane kuvhiringika uku (kana kuti nokuda kwahwo) pane zvizhinji zvisingagamuchiriki. Matambudziko ari panyika uchapupu hwekuonesa kuti uongorori nekuenzanisa kwedu simba hwatadzika nenzira dzakawanda.

Pane nzira dzakasiyana dzekutarisa izvi. Semuenzaniso, kana uchitora matunhu sechisanganiswa chevanhu nemapazi, tinofanirwa kuva neuongorori hwazvo zvese. Kumunhuwo zvake, izvi zviri nyore. Urongwa hwemitemo, zvikuru mutemo unoona nezvevapari vemhosva, unoshanda senzira yekukonesa kusashandiswa zvakanaka kwemasimba emunhu. Pamusoro pezvo, mitemo yemagariro inobetsera kuenzanisa dzimwe mhando dzemaitiro asiriwo zvakaita sekurambwa neruzhinji kunyanyotendera kubato kwemunhu neudyi hwusina maturo.

Mamiriro akaita emapazi akati womei. Pane mhando dzakasiyana dzemapazi ose anopa matambudziko akasiyana uye mubvunzo wevatungamiri vemapazi aya. Chinangwa chedu chikuru ndechekuona kuti mapazi aya anozadzisa zvitsvako zvedu uye kuti arege kutevera zvinangwa zvinopesana nezvizvi, zvikuru zvido zvevatungamiri zvekuva neupfumi nesimba rakanyanyisa.

Imwe nzira yekutarisa uongorori nekuenzanisa kuziva kuti zvinotangira pakuziva chakanaka nechakaipa. Tinofanira kuedza kusakuvadza vamwe, togamuchira kuti tine chokuita nazvo kana tichinge tavakuvadza. Uku kuzvidzvirira kukuru kubva kumutemo wechisikirwo. Kuziva chakanaka nechakaipa kunoparadzirwa nedzidzo zvikuru maitiro akanaka atinodzidziswa (kana kuti kwatinofanirwa kudzidziswa) tiri mumhuri dzedu. Hwunoumbiridzwa zvekare muurongwa hwemitemo.

Kuziva kwedu chakanaka nechakaipa ndiro dzinde rezvatinokoshesa mumatunhu edu, kusanganisira kuenzana nerusununguko nezvimwe zvakakosha zvinoumba utongi hwezvido zvevanhu; kuti tinofanirwa kushanda pamwe chete todzikisira undigoveni. Pamaonero aya, chinangwa cheuongorori nekuenzanisa kutarisana nezvingakuvadza zvatinokoshesa izvi. Semuenzaniso, kuti pave nekuenzana, matunhu anofanirwa kuve nenzira dzekuchengetedza vanhu vanowanikwa muzvikwata zvakasiyana kubva kuipi zvayo mhando yerusarura.

Uongorori nekuenzanisa kunotarisa nekuungana kwakanyanya kwesimba remapazi, kusanganisira njodzi dzekusabatwa zvakana dzinowanzoitika. Izvi zvinowinza pfungwa yezvinokosheswa. Ukuru hwesimba hwunowinza kudzama kwekushungurudzwa zvinoratidza kukosha kweuongorori hwunoenderana nazvo.

Munhaurwa iyi takanyanyotarisa matunhu ane utongi hwezvido zvevanhu. Mumatunhu asina utongi uhwu, hapana uongorori uhwu. Pamusoro pezvo pautongi hwezvido zvevanhu hwunotevera sarudzo, vatungamiriri vanosarudzwa, nekuda kwekukodzera kwavo. Zvakakosha kuziva kuti kunyangwe tingavimbe nevatungamiri ava nekuda kwekubudirira kwavo kwekare, kuvimba uku hakusi uongorori.

Izvi zvinotsanangura kuti sei tisingagoni kuvimba nekugona kuzvidzora kwavo, sezvo mienzaniso yakasiyana ichitaridza, kuzvidzora uku hakubudiriri. Chikonzero chikuru ndechokuti mapazi haaoni kukundikana kwavo sezvatinoita kana kuzvitora sekukundikana. Uye vatungamiri vavo havagoni kuvimbwa navo.

Nokudaro tinofanirwa kuve neurongwa hwakazvimirira hwoga hwunozviongorora kuwedzera pamusoro pemaitiro anowanikwa mumapazi aya anowabatsira kuedza kuongorora maitiro awo.

Chekupedzisira panhanganyaya iyi ndechokuti urongwa hwedu hweuogorori nekuenzanisa hwunofanirwa kuve hwunokurudzira kuita, kwete kwekudzosera zvaitwa. Njodzi itsva dzinogara dziripo uye tinofanirwa kugara takagadzirira izvi. Njodzi itsva dzinoda uogorori hwutsva.

Kana tichitarisa mapazi, tinogona kutangira pavatungamiriri vawo. Izvi zvinoburitsa imwe pfungwa yakadzama inozvidza pfungwa yakakosha yekuti urongwa hwe uogorori nekuenzanisa hwunogoneka. Uogorori hwemagariro hwunotangira pane zvatinokoshesa asi hwunoshandiswa nemasangano anobatika. Sezvo masangano aya ari mapazi, urongwa hwedu hweuogorori nekuenzanisa urongwa hwemapazi anochengetedza mamwewo mapazi. Asi mapazi ose aya anovimba nevutungamiri avo vanonakirwa neupfumi, masimba nemikana nekuda kwezvinzvimbo zvavo. Nokudaro vane chinangwa chiri mavari chisiri cheutongi hwezvido zvevanhu; kuchengetedza mikana yavo.

Kana zvichitaurwa mumashoko akasiyana, uogorori hweutongi hwezvido zvevanhu, hwakagadzirirwa kughura mikana nemasimba, hwunoshandiswa nevanhu vanemikana nesimba. Panova nemubvunzo wekuti vanoita basa ravo nemazvo here? Uogorori hwunogona kuve hwakanaka asi avo vanoogorora vasina. Vane uwori nekudaro chirongwa chinokundikana.

Zvinoenderana nepfungwa iyi ndezvekuti zvakaoma kupa mhosva vatungamiri, kunyangwe vanotadzisisa vacho. Chekutanga ivo nevatsigiri vavo vepanhepfenyuro vanoita zvose zvavangagona kuratidza kuti havana kunyanyoipa. Chechipiri, kana kukundikana kusingarambiki, vanotsvaga ari pasi pavo wavangape mhosva. Munhu asingawanikwi anogamuchira mhosva yese nemubayiro weutungamiri hwake.

Pane nzira dziripo, hwumwe uogorori hwevatungamiriri, kuedza kudzivirira matambudziko aya asi zvine gakava kuti pane nyika imwe chete pasi pano pahwakanyatsoshanda. Semuenzaniso, humwe hweuogorori ndehwekusanganiswa kweurefu hwenguva yekushanda pachinzvimbo. Vatungamiri vakasarudzwa vanoshanda chidimbu chine urefu hwunogamuchirika, zvichienderana nemabasa ezvinzvimbo zvavo, uye vanobvumirwa chete zvidimbu zvinoganhurwa, kazhinji zviviri. Pamusoro pezvo, vanopihwa chikamu chechipiri kana vavhoti vavaona sevabudirira pachikamu chekutanga.

Zvinotevera izvi ndezvokuti pane njodzi yekudzvingwa nekupihwa mhosva pachena neuogorori hwemutemo kuedza kudzivirira kunzvingwa kweutongi hwezvido zvevanhu, uwori, chizivano uye kupika kwenhema. Izvi zvose zvinovhundutsira uye munhu angatarisira kuti zvshande. Asi pfungwa yekuti vatungamiri vanogona kuuraya vakasatongwa nekuti uwori muhurumende hwuri kuitika nechikero chisingafungidzirwi, chiratidzo chekutadza.

Chikonzero ndechekuti mikana ine mutungamiri yaanowana nekuda kweupfumi ichakachengetedzwa. Kunze kokuti izvi zvirwiswe nekuisa zvirongwa zvekuganhura upfumi, (kusanganisira mutemo wenhaka uri musimba rezvoupfumi) nzira idzi dzoungorori hadzishandi zvakanaka.

Ndiyo yega nzira yekugadzirisa dambudziko guru ririko; mafungiro emutungamiri. Vatungamiri vazhinji, zvisinei nekuti vanotii paruzhinji, vanoramba kuenzana pachivande. Vanofunga kuti vari nani kupfuura vamwe. Izvi vanozvitaure nekuti vane simba rakawanda. Nokuda kwekuganhurwa kweurefu hwenguva yekutonga, chimiro ichi ndechenguva diki (kuvatungamiri vezvematomongerwo enyika). Vanofunga kuti vari nani nekuti vane upfumi hwakawanda uye muupenyu hwanhasi upfumi uhwu hwunotirira.

Chikamu chekupedzisira cheuogorori chine chekuita nemhando dzekudyidzana, mapazi akasiyana uye maumbirwo awo. Pamamiriro acho, kuparadzaniswa kwemasimba kuri muchimiro chemapazi matatu (three branch structure) ehurumende yeutongi hwezvido zvevanhu hwunotsanangurwa muchidzidzo chinotevera chekutevedzwa kwemutemo. Pakati pemapazi, tatofungisisa kupatsanura chechi nenyika pahurukuro yeutongi hwechitendero. Mapazi ose akadai anotsvaga kuparadzaniswa kunobatika kusanganisira pakati pe; mabhizimusi nenyika; mabhizimusi nechechi; nhepfenyuro nemabhizimusi nenyika. Humwe uogorori hwunodikwana kumapazi edzidzo kudzivirira kusapindira kusiriko kwehurumende, zvitendero nemakhambani. Chekupedzisira, pane hwumwe uogorori mukati mehurumende mumapazi ayo ekumanikidza: mauto nemapurisa.

Pfungwa yekupedzisira iri pamusoro pemapazi ndeyekuti ari muorongwa hwekusanduka nekuda kwepasi rimwe (globalization), kusanganisira kubuda nenzira itsva dzekubvumirana muchihwande kwenyika dzose. Njodzi dzenyika dzose dzinotsvaka hwuogorori hwenyika dzose. Asi hwurongwa hwuripo parizvino hahwasati hwagona kumirisana nebasa iri.

Uogorori hwekupedzisira mumatunhu vanhu. Veruzhinji vanoshanda seuogorori nenzira dzakasiyana kupfurikidza nekuvhota; kuratidza kusagutsikana kwavo vachishandisa nzira dziripo dzekutaurirana (seindaneti) vaburitsi vemhosva muchihwande; kushandira shanduko nekuvapo pakuratidzira nekusaita zvabvumiranwa uye, chekupedzisira, kana zvimwe zvese zvatadza, kumukira.

12. KUTEVEDZWA KWEMUTEMO

Chinangwa cheutongi hwemutemo kuvaka mashandiro eutongi kutsiva mutemo wechisikirwo. Mutemo wechisikirwo wakatsamira pakodzero yeukuru; pamasimba.

Kutevedzwa kwemutemo hwakaumbwa pakodzero dzevanhu; kufunga nekuziva chakanaka nechakaipa. Mutemo wechisikirwo unoenderana nemaonero emunhu uye unogona kusanduka pasingatirisirwi; unoratidza maitiro akavanzika evanesimba. Kutevedzwa kwemutemo kuri pachena uye kunotarisirika. Mutemo wechisikirwo unogutsa vashoma vane mukana. Kutevedzwa kwemutemo hakusarudzi. Kunoshanda zvakaenzana pamunhu wese. Muchidimbu, utongi hwechisikirwo hahwuenzanisi. Kutevedzwa kwemutemo kwunobvumira urongwa hwunoshanda nemazvo hweutongi.

Kuumbwa kwekutevedzwa kwemutemo kungatorwa sekubudirira kwakakosha kwedu sevanhu. Chiitiko chesanduko. Kunotitsanangurazve sezvisikwa zvinei nekutambura kwezvimwe, kwevamwe vanhu nezvimwewo zvisikwa.

Kutevedzwa kwemutemo kwakakosha kuchengetedza rusununguko. Chinoganhura rusununguko rwemunhu mudunhu ndezvinorambidzwa nemutemo. Mumatunhu akashatisisa, muudzvanyiriri, mutemo unorambidza kwose kuita kwakasununguka. Kunyangwe mumatunhu asina udzvanyiriri hwakanyanya, zviri kunze kwemitemo uye kuti zvinoonekwa sei, hazviwanzovi pachena. Izvi zvinoumba kusagadzikana pane zvatingaita nezvatisingaiti zvinova zvinoganhura rusununguko rvedu.

Kutevedzwa kwemutemo ibasa rakanangana nehurumende. Pamusoro pezvo chitsigiro cheutongi hwezvido zvevanhu. Kana kutevedzwa kwemutemo kusanganisira kudzorwa kwezvimwe zviumbwa zvemagariro zvisingashandi zvakanaka, matunhu anokundikana. Kuti izvi zviitike, hurumende inofanirwa kusava neuwori uye kugona kushanduka nekuchinja nenzira inotarisirwa kuti igone kutarisana nenjodzi itsva padzinonyuka.

Hurumende dzeutongi hwezvido zvevanhu dzinowanzova nechimiro chemapazi matatu chinoshandiswa kuumba, kuisa, kutsanangura nekushandisa chironzwa chemutemo. Pakuumba, muparamende yeutongi hwezvido zvevanhu, inosanganisira vakasarudzwa kuti vave nhengo dzeparamende, munova ndimo munotorwa boka remakurukota ehurumende (cabinet) nemutungamiri wehurumende uye matare. Kunyangwe vatungamiri vepamusoro vanova mutungamiri wehurumende neboka iri vachinge vakasiyana neparamende, vakatsigira pairi nekuti vanogona kubviswa kubva pazvinzvimbo kana zvavhoterwa neparamende.

Kechipiri, muutongi hwekusarudza mutungamiri muutongi hwezvido zvevanhu, hwunosanganisira vezvemitemo vanosarudzwa nevanhu, mutungamiri wenyika anosarudzwa nevanhu uyo anosarudza vatungamiri muboka remakurukota ehurumende, anogona chete kubviswa pautongi asati apedza nguva yake yekutonga nekuburitsirwa pachena mhosva dzake uye matare.

United States muenzaniso wechimiro chemapazi matatu. Kongiresi inoumba mitemo mitsva. Iyi inoongororwa nekugamuchirwa kana ichigamuchirika nemutungamiri wenyika. Pamusoro pezvo, sevutungamiri vane simba, anokokera mapazi ehurumende akasiyana kushandisa mitemo mitsva. Kana pane kupokana pamusoro pezvinoreva mitemo kana nzira yairi kushandiswa nayo, izvi zvinogadziriswa nematare kupfurikidza netsananguro yevatongi.

Pane mhando dzakasiyana dzemitemo. Nyika zhinji dzine bhuku panova ndipo panotangira mitemo yese rinonzi bumbiro remitemo. Mubumbiro iri munowanikwa mitemo inoshandiswa kuumba mapazi ehurumende nekutemwa kudyidzana kwawo nezvirongwa dzekudzivirira kodzero dzevanhu. Nekudaro rinotsanangura nekuganhura masimba ehurumende.

Bumbiro remitemo nehumwe urongwa hwekutanga zvinotangavo dzimwe mhando dzemitemo. Kunyangwe pane misiyano inowanikwa munyika dzakasiyana, mutsauko mukuru uri pakati pemitemo yeruzhinji neiyo yakanangana nemunhu pachake. Mutemo weruzhinji unotonga kudyidzana pakati pevanhu, vanhu chaivo uye makambani nenyika. Inosanganisira mitemo yemubumbiro, mitemo yeutungamiri uye iyo inoona nezvekuparwa kwedzimhosva. Mitemo yeutungamiri inoona nezvemaitiro emapazi ehurumende nenzira dzekugarisana dzinotendera zvikwata zvevanhu nezvemapazi kutsvaga kugadziriswa nemutemo pakusanzwanana kwakasiyana. Mitemo inoona nezvekuparwa kwemhosva inorambidza dzimwe mhando dzemaitiro uchishandisa kutyisidzira nemutongo wakaoma. Inobatawo kodzero dzevanhu vanenge vachinenerwa mhosva.

Mutemo wakanangana nemunhu pachake unotsanangura kudyidzana pakati pavanhu (zvinowanikwawo kumapazi) kusanganisira zvinhu zvakaita sezvibvumirano, mutemo unotarisa pfuma yemunhu, mutemo wemakambani nekutengeserana nedzimwe mhando dzekusanzwanana. Mitemo iyi yose inoumba mitemo yemukati menyika kozoitawo mitemo yenyika dzose inotonga kudyidzana pakati penyika dzose nezvimwewo.

Sezvambotaurwa, pamitemo yakanangana nekuparwa kwemhosva nemamwe maitiro evakagarisana, urongwa hwemitemo hwune nzira dzakasiyana dzemashandisirwo ayo nekupiwa kwezvirango. Izvi zvinosanganisira mapurisa nevachengetedzi vehurumende vanobata mapato anotyora mutemo, matare anotsinhira nekutonga mhosva dzawo uye mitero nemajere anova nzira dzekuranga.

Sezvinooonekwa nemunyori Robert Hinkley, chinhu chinofungidzirwa neurongwa hwemitemo ndechokuti mutemo unogona kugamuchidzwa kurambidza maitiro asiriwo kukuvara kunokonzera nemaitiro aya kusati kwanyanyisa. Kunyangwe kare chaigona kuve chokwadi, hazvichizvo pazuva nanhasi. Maitiro emakhambani,

kusanganisira kusava nechido kwehurumende kuongorora makambani aya kwaunza matambudziko kuurongwa hwemitemo asiri kugona kugadziriswa pari zvino.

Nerimwe divi, mumwe mutemo unozivikanwa ndewe kuva nemitemo mishoma. Chikonzero cheizvi ndechekuti mitemo mizhinji inokonzera kusashandiswa kwayo nemazvo. Semuenzaniso, urongwa hwemitemo munyika zhinji hwakavhiringidzika zvekuti kunemitemo inoenda pamusoro peimwe nekupokana. Izvi zvinopa mapurisa nematare kushandisa maonero avo pakuti ndeupi mutemo ungashandiswe uye panani. Vapfumi vanogona kushandisa chiokomuhomwe kuti vawane tsananguro yakavanakira varombo vachipihwa mitongo inorwadza isinganzwiri tsitsi.

Kusashandiswa kwakanaka kwemitemo uku kunowanikwa munyika dzichiri kubudirira nedzakabudirira uko kune nyambo inozivikanwa yekuti majere ane musiwo wekumasure unoshandiswa kuburitsa avo vanogona kubhadhara. Munyika dzakabudirira muenzaniso mumwe chete wekusashandiswa zvakakanaka kwemitemo kuvambwa kwemasabhabha. Vabudiririsi venzvimbo vanopa chiokomuhomwe kuvatungamiri vemataundishipi kuti vapihwe mvumo yekuvaka zvivakwa zvikuru kunyangwe vazhinji vevagari vemunzvimbo idzi vasingabvumirani nazvo. Vabudiririsi venzvimbo ava vanovimbisa mitero mitsva, chikamu chemitero iyi chinobva chaenda kuvatungamiri ava kupfurikidza nemihoro yepamusoro.

Mumatunhu anhasi uwori ndiyo njodzi huru. Zvinodaro nekuti kana hurumende ine uwori hapana kutevedzwa kwemitemo. Kuchengetedzwa kwakaenzana kunonyimwa vanhu uye zvido zveruzhinji hazvitariswi.

Chimwe chakakosha pautongi hwemitemo kuchengetedzwa kwekodzera dzemunhu, kusanganisira kodzero dzeavo vari kuramba mhosva dzavari kunenerwa.

Kodzera yakakosha yevari kuramba mhosva dzavari kunenerwa ndeyeku fungidzirwa kuti havana mhosva. Hurumende inofanirwa kuburitsa pachena kuti unemhosva. Pasina uchapupu uhwu, mutemo unotsanangurwa zvichienda nemaonero uye kugona kusandurwa zvisingatarisirwi. Nekuda kweizvi, vanenerwi vemhosva vane kodzero dzekudzivirirwa kubva kumutongo usiri pamutemo. Izvi zvinosanganisira kodzero dzekupokana kuve pamutemo kwekubatwa nemapurisa, kuongorora umboo hwese hwehurumende uye kusabvumira umboo hwawanikwa nekumanikidzira nekushungurudzwa. Dzimwe kodzero dzevasungwa dzinosanganisa:

- kusasechwa nekubatwa zvisina maturo.
- Tsamba dzekusungwa dzinogona kupihwa chete kana papihwa chikonzero.
- Haugoni kumanikidzwa kuzvisungirira mhosva.
- Kodzero dzekuwana rubatsiro kumutemo.
- Kodzero yekunangana nevari kupupura vachikurovera mhosva.

- Kodzero yemutongo unokurumidza uye uri pachena, uye munzvimbo inofungidzirwa kuti ndiyo yakaparirwa mhosva.
- Mari yekutongwa kwemhosva munhu asiri muchitokisi haifanirwi kuwandisa.

(Kana dzaunganidzwa, kodzero idzi dzinozivikanwa senzira dziri pamutemo dzinoteverwa pakutongwa kwemhosva).

Pamusoro pezvo, munhu ane kodzero yekunyunyuta kana awanikwa aine mhosva uye haafanirwi kufaindiswa zvakanyanya kana kurangwa nenzira dzine utsinye uye dzisina kujairika. Panguva idzo mbatya dzemunhu dzinenge dzabatwa, kubhadharwa kune tsarukano kunofanirwa kuvepo. Vanhu havagoni kupihwa mhosva dzinogona kuparwa dzavasina kupara kana kutongwa nemitemo mitsva pamhosva dzakaparwa kare. Mitemo iyi inozivikanwa semitemo iri musure nechitiko kunyangwe paine apo painogamuchirwa, apo musungwa angaburitswa asati apedzwa mutongo. Zvakafanana neizvi, munhu haagoni kutongerwa mhosva imwe chete yaanenge akambotongwa seasina mhosva. Izvi zvinozivikanwa sekutongwa kaviri kwemhosva imwe chete.

Rimwe dambudziko rekutevedzwa kwemutemo rinowanikwa apo hurumende inotsvaga kusashandiswa kwezvatsanangurwa pamusoro. Semuenzaniso, kuUnited States, kodzero dzekupiwa mutongo usiri pamutemo dzinogona kusashandiswa kana nyika yapindwa nevauyi kana kuti yakatarisana nevamukiri. Kunzvingwa kwemutemo kwakadai kunounza gakava rakanyanya uye kunotarisa pasi matambudziko anotarisanwa nawo pakuumba utongi hwemitemo hwunoenzanisa.

Nyaya yekupedzisira inotarisa mubvunzo wekuti; mutemo waani? Urongwa hwemutemo hwunosanganisira zvinhu zvine 'kodzero dzemutemo' kana 'kuzvimirira' (kodzero dzekutangisa kupindira kwemutemo). Parizvino, zvinosanganisira vanhu nemapazi. Imwe budiriro iri pamutemo ndeyekuti kodzero dzedzimwe mhando dzeupenyu nemamiriro enharaunda dzichiri kuongororwa.

13. BUMBIRO REMITEMO

Pane misiyano yakakosha pazvimiro zvevapazi nezvinotevedzerwa pamutemo munyika dzakasiyana. Musiyano wekutanga ndewekuti nyika ine bumbiro remitemo here kana chinyorwa chekutonga chiri pamutemo. Nyika zhinji dzinaro asi shoma (dzakaita seUnited Kingdom) hadzina. Nyika idzi dzine muunganidzwa wemitemo wakaumbwa kubva muzvikamu zvevakore gumi apfuura kana zvisiri zviuru zvevakore, zvinosanganisira chimiro chehurumende nedzose nyaya dzingavepo dzemitemo.

Chidzidzo ichi chichatarisa kushandiswa kwebumbiro remitemo. Chinotsanangurazve maitiro eUnited States, nekuda kwekusaita zvakana

kunoonekwa, ichiri kuonekwa semuenzaniso wakasimba weuongorori neuenzanisi hwuripo mazuva ano.

Bumbiro remitemo “ndiwo mutemo wepamusoro wenyika.” Rinoburitsa rusununguko kubva kuutongi hwekunze pamwe nekuumba hurumende.

Iri ibasa guru uye kuti rizadzikiswe chinyorwa ichi chinofanira kurongwa nemazvo. Zvikasadaro, hachigoni kushanda sechidziviro chinogona kubva kukuedza kudzikisira utongi hwezvido zvevanhu.

Zvakaoma kuzviita, zvinooneswa nekuti nyika zhinji dzanyora mabumbiro adzo kakawanda. Zvinoratidza kudyidzana kuripo pakati pebumbiro remitemo nekubudirira kwezvematongerwo kwechimiro chenyika. Kana nyika isina kubudirira muutongi hwezvido zvevanhu kupfurikidza neutongi hwakareba nekugamuchirwa kweutongi hwechisimba, kunyangwe bumbiro remitemo rakasimba rinotadza kushanda, semuenzaniso, kana hurumende ikabviswa nekurwisa kwamauto. Kana bumbiro remitemo risina kusimba, hurumende iri kutonga inogona kuritsanangura nenzira inokurudzira utongi hwayo.

Bumbiro remitemo rinoparadzanisa simba rehurumende, kuganhura masimba ebazi rimwe chete uyewo kupikisa zvarehwa, kupa bazi rimwe nerimwe simba rakakodzera rekugona kutadzisa mamwe maviri kana achinge abatana kuri kuedza kurirwisa. (Kuenzanisa kwakanaka.) Pamusoro pezvo, mapazi ane mabasa anowanikwa maari ose pane dzimwe nguva.

KuUnited States Kongiresi (Congress) inonyora mitemo asi mutungamiri wehurumende ane simba rekuirambidza. Kongiresi ine simba rekuti kuve nehondo asi mutungamiri wenyika, semutungamiri wemauto ane mutoro wemabatiro emauto. (Izvi zvinoratidza hwumwe uongorori hwunowanikwa muutongi hwezvido zvevanhu hwekuva neutungamiri hwemauto hwuri pasi pemasimba emutungamiri akasarudzwa, kwete vatungamiri vari muchiuto vakuru.)

Kongiresi inogonawo kupa mhosva mutungamiri wenyika zviripachena, boka revemitemo repazasi (house of representatives) richiburitsa mhosva yacho Seneti ichtonga nyaya yacho.

Kongiresi ine simbawo rekuumba boka revatongi (tribunal) riri pasi pedare repamusoro-soro asi mutungamiri wehurumende anogadza vatongi vakuru vacho, kusanganisira vedare. Kongiresi, zvikuru Seneti, inogona kuramba vadamwa nemutungamiri wehurumende.

Dare repamusoro-soro, kupfurikidza nesimba “reongororo yeutongi” rinogona kuramba mitemo mitsva nemaitiro ehurumende kana richiona asingaenderani nemashandiro emutemo akatemwa nebumbiro remitemo. Kunyangwe vatongi vedare repamusoro-soro vasiri nyore kubvisa (kugadzwa kwavo kunoenderana ‘nemaitiro akanaka’), Kongiresi ine humwe uongorori sezvo inogona kugadzirisa bumbiro remitemo.

Humwe uongorori kuUnited States ndehwekuti vatungamiri nemapazi ezvemitemo havagoni kushandisa vashandi vamwe chete. (Semuenzaniso, kuti munhu ari muKongiresi ashande semupi wemazano kumutungamiri wehurumende.) Ichi ndechimwe chisimbaradzo chekuti simba rebazi rirambe rakazvimirira roga.

Izvi zvinosiyana urongwa hwekuUnited States kubva kuparamende yeutongi hwezvido zvevanhu apo nhengo dzine chekuita neutongi hwezuva nezuva. Muutongi hwezvido zvevanhu hwerudzi urwu, mutungamiri wehurumende nemaminisita vanotorwa senhengo dzeparamende.

Kongiresi yekuUnited States inoubwa ne’dzimba’ mbiri, Seneti; ine maseneta maviri panyika kana kuti maseneta ose anosvika zana; kozoti boka rezvemitemo repasi rine vamiriri mazana mana ane makumi matatu nevashanu. Utongi hwune mapoka maviri zvichisiyana neuhwo hwune boka rimwe chete, hwunemba imwe chete.

Kuboka rezvemitemo repasi, nyika dzinoganhurwa kuve madistirikiti ane uwandu hwevanhu hwakaenzana, distirikiti imwe neimwe ichizvisarudzira mumiriri. Madistirikiti aya anoongororwa nguva nenguva, zvichienda nekuverengwa kwevanhu kutsva uye nyaya yakakosha ndeyekusabvumira zvinangwa zvevatongerwo enyika zvekuisa patsva miganhu yematunhu nukuda kubatsira vakwikwidzi vakasarudzika.

Chimiro cheKongiresi chekuva nemapoka maviri chinoita kuvepo kuenzana kwenyika kupfurikidza neseneti uye kumiririrwa kwakaenzana kupfurikidza nekuvapo kwelmba.

Bumbiro remitemo rinoratidzawo masimba ezuva nezuva emapazi matatu. Kongiresi, kusanganisira zvimwe zvinhu, inopa simba rekuburitswa kwemari, kudomwa kwemitero, kunyangwe ichifanirwa kuronga nekutsanangura mashandisirwo aitwa mari, kutonga zvekutengeserana, kuumba urongwa hwematsamba, kumutsa mauto enyika, kusanganisira kunyorwa kwemitemo yakakodzera kushandiswa kwemasimba aya.

Pamusoro pekuva mutungamiri wemauto, mutungamiri wenyika ndiye mutungamiri wemapazi akasiyana edare remakorokota ehurumende. Ndiye anoona nezvemitemo ine chekuita nedzimwe nyika, kusanganisira kugadza vamiriri wenyika kune dzimwe nyika (vanofanirwawo kubvumwa neseneti). Mutungamiri wenyika, semutungamiri anozikanwa wehurumende, ane chekuita nezvakanangwa nemutemo, zvisina kunanga kupfurikidza nekupa mashoko kuruzhinji uye zvakananga kupfurikidza nezvinoitwa nevatsigiri veKongiresi.

Dambudziko remutungamiri muutongi hwezvido zvevanhu nderekuti kunyangwe kongiresi ichinyora mitemo, hazvirevi kuti mutungamiri wenyika achaishandisa. Semuenzaniso, vatungamiri vazhinji, musure mekunge vasarudzwa vachishandisa mari yekukambena yabva kumakambani, vanobva vatadza kuisa mitemo inorwadza makambani.

Dambudziko iri rinonyanyiswa nekuti hazvisi nyore kunyora mitemo isingapi mikana yetsananguro dzakasiyana kana kuti isina mhosho.

Kongiresi ine rimwe basa zvakare rinozivikanwa seuongorori hwepamusoro. Haingonyori mitemo chete, inoongorora maitiro ehurumende. Kongiresi inesimba rekumanikidza vashandi vebazi remutungamiri kupupura, kana ichitendera kuti zvinangwa zvemutemo hazvisi kutevedzerwa uye kana nyika iri kutoreswa gwara risiriro. Ine bazi rekutsvagurudza rinozivikanwa sehofisi yekutsanangura mashandiro ehurumende (Government Accountability Office).

Bazi rechitatu, Dare Repamusoro-soro, riri pasi pemamwe maviri. Bumbiro remitemo rinotsanangura kodzero yedare yekutsanangura nekushandisa mitemo asi kusiya kwezvizvi, masimba acho haazi pachena. Zvechokwadi, kwaive kutonga kwekutanga kwedare kwakaripa masimba ekuongorora matongerero; kuve neshoko rekupedzisira reongororo yobumbiro remitemo. (idzo nyika dzisina bumbiro iri hadzina ongororo yematongerero.)

Dare rakadzikira nekuti vatongi havasarudzwi, nokudaro havana tsananguro yemashandiro avo kune veruzhinji. Havanawo simba rinobatika. Dare rinoonekwawo serine “simba rekunyengedza.” zvichisiyana “nesimba rekuita” rine hurumende.

Muganhu ungaonekwa ndewekuti dare rine basa rinoganhurwa mukudyidzana nedzimwe nyika sezvo kuchengeta kwaro mutemo kwakanyanya mukati menyika.

Mitongo yedare, paine kodzero yekushandisa mitemo, iripo kupa tsananguro yakajeka. Hapana kodzero yekupikisa. Zvakambotemwa kare nedare repamusoro-

soro zvingangogona chete kusandurwa nechisungo chinenge chabva mudare iri pacharo (iyi inzira yekuzviongorora) kana kupfurikidza nekugadziriswa kwebumbiro remitemo neKongiresi.

Dare rakagadzirirwa kuve rakazvimirira rega uye riri pamutemo kwete kuitira vamwe fevha pane zvevatongerwo enyika (Mutemo unofanirwa kuve bofu). Wakafanirwa kupa tsananguro isingatori mativi yemitemo nemagakava pamusoro pemutemo, kwete kuitsanangura nenzira yekuti zvirongwa zvehurumende zviumbwe. Vatongi havafaniri kushandira kukurudzira zvinangwa zvemapati kana zvevatongerwo enyika.

Mutemo wakakosha wedare ndewe "kuzvidzora kwemutemo." Iyi ipfungwa yekuti vatongi vanofanirwa kutevera zvakanyanya zvinotaura bumbiro remitemo sezvazviri kuti vasatarisire pasi masimba eutongi eKongiresi.

Chinopokana nekuzvidzora kwemutemo "kushandira kodzero kwemutemo". Izvi zvinowanikwa kana mutemo uchipa tsananguro itsva kuzvidimbu zvebumbiro remitemo.

Kukwikwidzana kuripo pakati pekuzvidzora kwemutemo nekushandira shanduko kwemutemo kunoburitsa pfungwa yakakosha. Bumbiro remitemo chinyorwa chipenyu. Hachina kunyorwa nedombo. Vanhu vanokakavara kuti rinofanirwa kutsanangurwa semanyorerwo arakaitwa, mumamiriro emakore zviuru akapfuura, vakafanana nevanhu vanotsvaka kutsanangurwa kweBhaibheri neKorani semanyorerwo azvakaitwa. Varambi veshanduko kubumbiro remitemo.

Vanyori vebumbiro remutemo rekuUnited States vakanzwisisa kuti havagoni kugadzira chinyorwa chinanganisira zvese zvinhu zvingawanikwa mune ramangwana. Chinangwa chavo kwaive kuumba bumbiro rinogona kushanduka kuti rigadzirise shanduko iyi. Chvimbo chavo chaive chekuti zvizvarwa zvichatevera zvevatongi zvichagamuchira mweya uyu.

Muchidimbu, vanhu venyika dzakasiyana dzepasi rose vanofanirwa kusarudza zvakanaka chimiro, uongorori nenzira dzinoteverwa kusarudza nekugadza vatungamiri dzingavashandira nemazvo. Chinangwa chavo ihurumende inoshanda nemazvo inoremekedza nekuchengetedza kodzero dzevanhu.

14. UTONGI HWEMATUNHU (FEDERALISM)

Chimiro chiri nyore cheutongi hwezvido zvevanhu, inyika inotongwa nehurumende imwe chete neurongwa hwemitemo hwunoenderana mumatunhu ayo ose. Izvi zvinoreva kuti nyika ine hurumende imwe chete inotarisa zviitiko zvenyika yose. Hapana urongwa hwepazasi hwematunhu uye pane imba imwe chete inoona nezvemitemo. Nyika inopatsanurwa kuve matunhu angave neuwandu hwevanhu hwakaenzana, vagari vematunhu aya vachizvisarudzira mumiriri wavo kuhurumende inotonga nyika.

Chimiro chakadai chakanakira kutonga chero ipi nharaunda. Nekuda kwezvikonzero zvakasiyana, nyika zhinji dzine matunhu pamusoro pehurumende imwe chete inotonga. Dzimba mbiri dzinoona nezvemitemo dzinogona kuwanikwawo. Kunogonawo kuva nehurumende inotonga matunhu akaita semataundishipi nemaguta.

Zvikonzero zveurongwa hwepamusoro uhwu zvinosanganisira zvakaitika kare, sekukudzwa kweUnited States zvichitangira panyika nenyika kozouya matunhu nematunhu, ukuru hwenyika kozotiwo kana pane marudzi akasiyana evanhu kana nzvimbo dzakasiyana.

Nyika inonzi ine utongi hwematunhu kana iine hurumende inobatanidza matunhu enyika akasiyana. Mubvunzo mukuru weurongwa uhwu ikodzero nemabasa ehurumende uye kodzero nemabasa ematunhu.

Uku kuenzaniswawo kwakanaka. Kana masimba akaiswa ose panzvimbo imwe chete, panove nenjodzi yeudzvanyiriri. Kana masimba akave mashomesa, nyika inogona kuganhurwa yokundikana: inogona kuparadzaniswa nematunhu anopikisa. (Pakati-kati pehurumende panodawo simba rekumirira nyika zvakakwana mune zvekuita nenyika dzekunze.)

Pane misiyano pasi rose pazvimiro zveutongi hwematunhu zvinokonzerwa nemisiyano yekuenzaniswa kwesimba. United States ine pakati pakasimba. Dzimwe nyika mibatanidzwa isina kunyanyorongeka yematunhu akasimba kana akazvimirira oga.

Chimiro chenharaunda chinoratidzawo kudyidzana kwevanhu nenyika yavo zvichienzaniswa nekudyidzana kwavanoita nedunhu ravo. Kana paine ukama nedunhu hwakasimba, kubatana kweutongi hwematunhu hakuvi nesimba. Kuti chimiro cheutongi hwematunhu chishande nemazvo, pakati panofanirwa kuve nesimba rakakwana rekupokana nerusarura kana kuzvikudza kungawanikwa mumatunhu akasiyana.

Chakanakira chimiro cheutongi hwematunhu ndechekuti kubatana kwakadai kune simba uye kushandiswa kwemari kwezvinhu zvakaita sechiuto nekuchengetedza kunogona kugoveranwa. Utongi hwematunhu hwusina kusimba hwunogona kubudirira kubva mukubvuma simba rakadzikiswa nenyika nekudzikiswa kweukama hwedunhu kuti kuumbike pakati pakasimba neukama hwenyika.

Pane njodzi dzinowanikwa mukuita kwakadai. Kana nharaunda yeutongi hwematunhu ichipa simba kuzvikwata zvakasiyana pane mukana wakakura wekusanzwana kwezvikwata izvi. Kunyangwe matanho akawanda ekutonga achipa hwumwe uongorori neuzanisi, zvinoita kuti kuvepo matanho akawanda ekuongorora uye kusashandiswa zvakanaka, zvichiunza kushandiswa kwakanyanya kwemari.

Zvimwe zvinowanikwa pachimiro cheutongi hwematunhu zvinosanganisira kuti mumatunhu akasiyana kuve nenzira dzakasiyana dzeutongi. Inzira dzeshanduko. Sezvinei kana paine matunhu akawandisa, urongwa hwacho hwunogona kuve hwakaoma kushandisa.

Nyaya inofambirana neiyi inowanikwa munzvimbo dzine matunhu akawanda kuvapo kwekusapindirana pakati pawo zvikuru pamusoro pekodzero dzemunhu, mamwe matunhu achiita basa rakanaka rekuchengetedza kodzero idzi mamwe achidzishandisa zvisiri izvo. Basa rekutanga rehurumende yenyika yose kuona kuti kodzero dzevanhu dzinoramba dzichichengetedzwa munyika yose.

Hurumende dzeutongi hwematunhu dzine basa rakanangana nadzo rechiuto; zvakanangana nedzimwe nyika, kuburitswa kwemari, kusanganisira kuongorora mibayiro yezveupfumi yakakosha. Hurumende yeutongi hwematunhu nehurumende yematunhu dzinogoverana kodzero yekubata basa mune zvinoitwa zvakakosha zvevatongerero kusanganisira kunyorwa kwemitemo, kuita sarudzo, kukwidzwa kwemitero, kuumbwa kwechipurisa, kuongororwa kwezvekutengeserana nekuwedzerwa kwezviwanikwa kusanganisira kushomeswa kwenjodzi dzingawanikwa munharaunda.

Mutemo unozivikanwa weutongi hwezvido zvevanhu ndewekuti vanhu vanonyanyonangwa nezvatemwa nehurumende ndivo vanofanirwa kuve neshoko rekupedzisira pazviri. Izvi zvinoita kuti kuburitswa kwemazano kusave panzvimbo imwe chete, kunova uongorori hwechisikirwo kwesimba rehurumende yenyika. Zvinoratidzawo kuti vatungamiri vematunhu vari pachinzvimbo chiri nani chekuongorora mabasa ari kuitwa mumatunhu avo. Pakati panongozopindira kuongorora zviri kuitika mumatunhu akasiyana kusanganisira kuve nechokwadi chekuti upfumi hwenyika hwunogoveranwa uye nzira dzekuchengetedza nharaunda dziri kutevedzerwa.

Dambudziko rinowanikwa nderekuti upfumi hwenyika hahwuwanzogoveranwa zvakaenzana. Zviwanikwa zvinotorwa kubva mumatunhu akasiyana asi vanhu vemumatunhu aya nekuda kweuwori hwuri muhurumende yeutongi hwematunhu, vanowana mugove uri pasi pewavakakodzera kuwana. Kubatwa kwakadai kazhinji ndiko kunokonzera kumukirana, mienzaniso inove yezvakaitika kuIndia nekudunhu redelta kuNigeria.

Dzimwe nyika dzinopa matambudziko akanyanya kuchimiro cheutongi hwematunhu. Kan paine kupokana kwakanyanya pamusoro pendudzi dzevanhu, zvitendero kana zvikwata zvevanhu zvinowanikwa mumatunhu akasiyana, utongi hwematunhu hwunenge hwusina kukodzera, zvisinei kuti hwunowinza zvakanaka. Chimiro chacho chinogona kusandurwa asi izvi zvinotsvaga kutirira kwakanyanya. Chinangwa ndechekuti pavepo kuzvimirira kwematunhu pane zvinowanikwa mumatunhu aya asi kubata pamwe chete panyaya dzinosanganisa matunhu ose. Kutu kubatana uku kuvepo, pane zvakanakosha zvinofanirwa kuitika. Kana chikwata chimwe chete chiri icho chine vazhinji vari pamusoro zvekuti chiri kutadza kushandisa zvakanaka kodzero dzevamwe, matunhu angatsvaka umiriri hwusinei neuwandu hwevanhu (zvisinei nevhoti imwe chete pamunhu.) kana kuramba kwevashoma kugamuchira zvimwe zviitiko.

Sezvakaonekwa nembongorori yezvematongerwo enyika Arend Lijphart, kuvapo kweutongi hwematunhu hwunoshanda mumatunhu akanyanyoparadzana kuri nyore kana paine kutendeka kuripo kunyika uye kana zvikwata izvi zvakasiyana zviine vanhu vakaenzana uye zvakaenzanawo.

Chimiro cheutongi hwematunhu hachitendereki mune mamwe matunhu. Kuda kumira wega semhinduro kuuwori nekusarudza zviru pamutemo. Sezvakaratidzwa ne Yugoslavia neSoviet Union zvingave nani kupedza utongi hwematunhu hwunowanzosangana nematambudziko uye kobvumidzwa matunhu akasiyana kuti ave nyika dzakasiyana.

Bumbaro remitemo renyika rinotsanangura kodzero dzehurumende nedzematunhu. Sezvarinotsanangura nzira dzekubvisa vabati vehurumende rinofanirwa kutarisawo mukana wekuwedzera matunhu matsva pamwe nekuputswa kwemibatandizwa.

Bumbaro remitemo rinotsanangurazve kudyidzana kuripo pakati pekodzero dzehurumende, dzinosanganisira utongi hwematunhu, dunhu nemunhu. KuUnited States, nhadzurudzo yegumi nena (14th amendment) inotsvaga kubvuma kwemutemo wenyika kodzero dzevanhu. (Ichi chidimbu chekuchengetedzwa kwakaenzana kwambotaurwa.)

15. SARUDZO

Utongi hwezvido zvevanhu hunoubwa nekusarudza vamiriri hwunotangira pasarudzo, nekudaro sarudzo yacho inofanirwa kuve yakasununguka uye isina fevha. Kunyangwe paine zvizhinji zvinoitwa pakuita pasarudzo idzi, pane chinhu chimwe chete chinofanirwa kutanga chafungisiswa. Hurumende pachayo inotungamira sarudzo yevabati vehurumende. Izvi zvinoreva kuti vabati varipo vanogona kuedza kutungamira sarudzo nenzira inoita kuti ivo (kunyangwe mapato avo) varambe vachitonga. Kugona kuitika kwezvizvi kunofanirwa kudzivirirwa nehumwe uongorori neuzhanisi.

Semuuzhaniso, kuUnited States vashandi veutongi hwematunhu havabvumirwi kuva nechekuita nekutsvaga mavhoti pakukambena.

Sarudzo inoburitsa zvido zvevagari venyika uye vagari ava vane kodzero dzezvematongerwo enyika. Vanogona kuvhota, kutsvaga kuvhoterwa, kuve nezvinzvimbo zvisinei nekuvhoterwa, kuchengetedzwa nekuwana zvimwe kubva kuhurumende uye kuratidza kugununa kwavo pamusoro peizvi.

Kuva vagari venyika kunopa imwe nzira yekuzhanisa; kodzero yekubata zvakaenzana muurongwa hwezvematongerwo enyika. Sarudzo inopa mukana uri pachena wekubata mune zvematongerwo enyika, zvichipikisana nenzira dzisina kurongeka dzakaita sekukakavara nekumukira.

Hurumende dzakawanda dzakaisa muganhu pakodzero dzekuva mugari wenyika senzira dzekurambidza kuvhota kana kuvhoterwa kwezvimwe zvikwata zvevanhu, vachidzivirira kubvunzurudzwa kungabva muzvikwata izvi pamusoro pematongerwo avo. Kurambidzwa nekuda kwezvitendero kana rudzi kuchiri kuwanikwa pasi rose. Pamutemo wekusagamuchira munhu senhengo yechikwata (ostracism), vanhu vakambopihwa mhosva huru vanowanzonyimwa kodzero dzekuvhota. Panewo makore anotemwa apo panotanga kubvumirwa munhu kuvhota.

Hongu kuve nekodzero dzekuvhota hazvirevi kuti munhu achavhota zvakanaka. Utongi hwezvido zvevanhu hwune zvitsvako zvizhinji kubva kuvabati vahwo, vavhoti. Kutu utongi hezvido zvevanhu hwubudirire, kuti hwushande padanho rahwo repamusoro, hwunotsvaka kuti vavhoti vave nemaitiro anotevera:

- Dzidzo yakakudzwa zvakanaka kuti vagone kugamuchira kuziva zvinovhiringidza zveupenyu uye chitsvako chiripo paurongwa hwemagariro chekuzhanisa, kutonga nemazvo uye kuziva chakanaka nechakaipa.
- Kuzvidzivirira nemazvo kubva kune zvinowinzwa nekugarisana.
- Dzidzo iri pamusoro pemabasa, kurongwa nekushanda kwehurumende.

- Dzidzo iri pamusoro pezviitiko zvakakosha zvanhasi zvehurumende.
- Pfungwa yakakwirira yekuzviza semunhu, zvinotarisirwa pamunhu, kuvapo kwekuzvibata nekugona kusarudza kupfurikidza nekuvhota.

Zviri pachena kuti mune ipi nharaunda chidimbu chakakosha chevanhu hachigoni kuita zvadomwa pamusoro. Zvinounza mubvunzo wekuti toitei navo? Hatigoni kutora kodzero yavo yekuvhota uye nzira kwayo isingadzvinyiriri yekuona kana munhu achigona kuita zvarehwa haigoni kuitwa. Chingaitwa kushandira kudzidzisa vavhoti nechinangwa chekuti chido chavo nemaitiro avo ave nani nekufamba kwenguva.

Sarudzo inoitirwa zvinzvimbo zvevatongerwo enyika. Pazvinhu zvakasarudzika zvinobata veruzhinji, vagari venyika vanogona kuvhota panyaya iyoyi inonzi referenda (tsvakurudzo maererano nemafungiro evanhu). Izvi zvinogona kuitwa pamwe chete kana kusiyaniswa nesarudzo chaidzo.

Zvakabatana nechinzvimbo chacho urefu hwekuve pachinzvimbo. Urefu hwunowanzotemwa makore mana kana mashanu. Nguva shoma kazhinji ndiyo yakanaka sezvo zvisiri nyore kubvisa vanhu pazvinzvimbo nguva yavo isati yakwana. Kana mutungamiri achiratidza utungamiri hwakaipa, zvinowanikwa kazhinji mazuva ano, panofanirwa kuve neuongorori hwungaita kuti tisave nemutungamiri uyu kwenguva yakareba.

Pavatungamiri venyika muutongi hwezvido zvevanhu, kusarudzwa kwemutungamiri wenyika nevamwe vatungamiri kunoitwa panoperera nguva yavo yemuhofisi. Muutongi hwezvido zvevanhu hweparamende, mutungamiri wehurumende anesimba rekudoma zuva riri pedyo resarudzo. Izvi zvinopa mukana wekusazadzisa zvido zvevanhu sezvo zvinogona kupa mukana uri nani kumutungamiri wehurumende nebato rake. (utongi hwezvido zvevanhu muparamende hwunobvumira mavhoti ekusava nechivimbo, zvinopa nzira yekubvisa vabati vezvigarro vasati vapedza temu yavo.) Sarudzo yekukurumidza inosheedzwa zvichitevera kukundwa kwehurumende pasarudzo dzechivimbo.

Vanoda kuvhoterwa vanofanirwa kuve nezviri pavari zvakati kuti, zvine chekuita nezera, kwavanogara neuwandu hwemakore vari vagari vemunyika iyoyo. Kunze kweizvi, hapana zvimwe zvakatemwa zvinotarisirwa. Dzimwe nyika dzine zvadzinotarira zvakaita sedhigirii rekuyunivhesiti. Nyika idzi dzinoganhura vamiriri kuti vave avo chete vanowanikwa muchikwata chepamusoro zvinova zvisingazadzisi utongi hwezvido zvevanhu. Kuve mumiriri pasarudzo muutongi hwezvido zvevanhu kunofanirwa kubva pakugona kwemunhu nokudaro munhu wese anofanirwa kugona kumira pasarudzo.

Muutongi hwezvido zvevanhu, sarudzo inoitwa yemumiriri inofanirwa kuve muchihwande uye zvinofanirwa kuchengetedzwa pakuvhota zvinosanganisira magadziriro enzvimbo dzekuvhotera nepadzakaiswa. Pamusoro pezvo, vavhoti

vanofanirwa kusavhundutsirwa. Kana zvichitsvagika, nzvimbo dzekuvhotera dzinofanirwa kuve nemagadhi ane zvombo uye vaongorori vesarudzo vekunze kwenyika.

Pakuvhota pachezvako, zvakakosha kuti zvinobuda musarudzo zvive izvo chaizvo. Izvi zvinotsvaga nzira dzekudzivirira kukanganiswa kwemavhoti, zvinosanganisira kunyoreswa kwevavhoti kusiriko kana kumirira kwekubiridzira pakuvhota. Magwaro ane mazita evavhoti anofanirwa kuve anogutsa uye zvipimo zvinoshandiswa pakuziva mavhoti. Sezvo kuvhundutsira kuchigona kuitwa nekushandisa nzira dzisiri nyore pakuvhota kune vamwe vanhu vakaita sevanhu vakura kana vasina kunyanyodzidza, nzira dzekuvhota dzinofanirwa kuve nyore uye dziri pachena.

Zvinofungidzirwa zvakakosha pautongi hwezvido zvevanhu hwekusarudza vamiriri hazvingovi kuti vavhoti vachaita sarudzo ine ruzivo uye kuti munhu wese ane kodzero yekuvhota apihwa mukana asiwozve kuti zvivo zvavo zvichagamuchirwa nemazvo nekuverengwa. Unofanirwa kugona kuverenga mavhoti. Sarudzo dzinoshandisa nzira itsva dzekuvhota dzemishini dzinotsvaka kuongororwa nekunyorwa pamapepa kudzivirira kubatwa-batwa nevanoda kubira kana mhosho dzingaitwa nemishini nevanhu. Pamusoro pezvo, panofanirwa kuve nemukana wekuverengwazve kwemavhoti nekuvhotwazve panguva idzo sarudzo inenge ine kukakavadzana kwakanyanya.

Kuvhota zvekare ndekumwe kuita kunozivikanwa sesarudzo dzinotwa kunze kana kuti pamusoro peurongwa hwagara hwuchitevedzerwa. Mavhoti aya anogona kuitwa nenzira isina kurongwa uye munzvimbo dzakasiyana apo vabati vezvigarano vanenge vafa, kusiya zvigaro kana masure mesarudzo chaidzo kutsiva vakundi vanenge vabviswa nekuda kwekusatevedzera nemazvo mitemo yekuvhota.

Mubvunzo wekupedzisira panyaya dzesarudzo - dzimwe nyaya dzine chekuita nemapato ezvematongerwo enyika chichaongororwa muchidzidzo chinotevera - ndewekuti kuvhota kunofanira kumanikidzwa here? Kune dzimwe nyika vagari vanofanirwa kuvhota kana varegedza vanorasikirwa nekodzero idzi musarudzo dzinotevera.

Uyu ndeumwe muenzaniso wezvinobuda nenzira dzekuzviburitsa. Nyika dzinoda kuti pave nevavhoti vakawanda sezvo zvichipa chimiro chiri nani chezvido zvevanhu zvichiwedzerawo kuva pamutemo kwevasarudzwa. Kumanikidza kuvhota ndeimwe nzira yeudzvanyiriri, yekuudza vanhu zvavanofanirwa kuita. Kuvhota mukana unopihwa munhu asi mukawo unofanirwa kubva pakuzvipira kwemunhu.

16. MAPATO EZVEMATONGERWO ENYIKA

Mapato ezvematongerwo enyika inzira dzinoshandiswa nevanhu vane zvinovashungurudza zvakafanana kuti vasangane pamwe chete nekuona kuti zvitsvako zvavo zvagamuchirwa. Anoitisa basa rakakosha pasarudzo nepakurongwa kwehurumende pachayo.

Anogona kuve achitsanangurwa nepadiki, achibata nyaya imwe chete kana kuti anogona kuve achitarisa zvinhu zhinji. Mapato ezvematongerwo enyika anowanzosanduka paamire, kunatsurudza kugamuchirwa kwawo nevanhu, kuronda kana kumutsa budiro mumaonero eruzhinji pazvinhu zvakanyanyokosha. Kunyangwe paine kushanduka uku, mapato aya kazhinji anowanzomira pamwe chete. Masangano akakosha anotsvaga mari zhinji kuti aumbwe. Simba zhinji rinoiswa pakuatangisa.

Pasarudzo, mapato anodoma vanhu pazvinzvimbo kupfurikidza nemisangano yenyika yose, ovabetsera kutsvaka mavhoti. Chinangwa chavo ndechekutsvaga rutsigiro rwakakura rwevamiriri vavo. Izvi zvinoratidza kuti munhu anoda kukwikwidza pachinzvimbo anofanirwa kujoina bata rakavambwa sezvo muri munyika shoma munowanikwa mukana unobudirira wekutanga bato idzva.

Nyika dzose dzine utongi hwezvido zvevanhu dzine mapato ezvematongerwo enyika asi pane musiyano mumwe chete. Pane urongwa hwune mapato maviri kana matatu (semuenzaniso kuUnited States nekuUnited Kingdom) uye hwumwe hwune mazhinji. Chimiro chinoshandiswa chinoenderana nemamiriro ematunhu esarudzo. Matunhu madiki apo panosarudzwa munhu mumwe chete (kuUnited States - vamiriri kuUnited Kingdom nhengo dzeparamende), anoonekwa achive urongwa hwemapato maviri kana matatu. Izvi zvinodaro nekuti kuve nemapato makuru kunowinza rutsigiro rwakawanda, mavhoti mazhinji uyewo mukana wepamusoro wekubudirira. Kana urongwa hwakadai hwaumbwa, hazvivi nyore kutangisa bato idzva.

Nyika dzine matunhu makuru nevamiriri vakawanda dzine urongwa hwemapato akawanda uye chinozivikanwa sekuvhota kwakaenzanirana. Nyika dzose dzakadai neUnited States dzine utongi hwezvido zvevanhu hweparamende uye vatungamiri vehurumende. Pakuvhota kwakaenzanirana, mapato anopihwa zvigaro pane zveitemo nezvinzvimbo zvepaminisita muboka remakorokota ehurumende zvichienderana neuwandu hwemavhoti avanenge vawana. Semuenzaniso, kana bato rawana zvikamu makumi matatu kubva muzana zvevavhoti mudunhu, rinowanawo zvikamu makumi matatu kubva muzana zvezvigaro.

Urongwa uhwu hwunotadzisa bato rimwe chete kuhwina zvigaro zvese mudunhu kana rikawana chikamu chidiki chemavhoti kunyangwe chiri chakakwirira pamapato anga achikwikwidza.

Chikonzero chinoita kuti nyika dzine kuvhota kwakaenzana dzigume dzave nemapato akawanda ndezvekuti chero bato diki rinogona kuwana mavhoti anoita kuti rihwine chigaro chimwe chete. Dzimwe nyika dzinoisa zvipimo zvepazasi zvinofanira kugonekwa nebato kuti dzisapedzisire dzave nemapato akawanda zvichizokonzera hurumende ine mitsemu.

Mapato anozadzisa zvigaro zvaanenge ahwina kubva muzvinyorwa zvemazita evanhu vemubato (party list) zvinova zvinoshandiswa nenzira dzakasiyana munyika. Muurongwa “hwezvinyorwa zvakavharika” (closed lists), vanhu vanovhotera mapato sezvo mapato anopa zvinzvimbo zvaanenge awana kutanga nemazita ari pamusoro pezvinyorwa zvawo. Muurongwa “hwezvinyorwa zvakavhurika”, vanhu vanowana mavhoti akawanda ndivo vanohwina zvigaro zvebato. Pamusoro pezvo, bato rinowana mavhoti anokunda ose rinogona kusarudza mutungamiri wenyika, kana risina kuwana mavhoti anonzi evoruzhinji rwavanhu, rinoronga kubatana nemamwe mapato.

Kunyangwe mutungamiri wehurumende ari iye musoro wehurumende, utongi hwezvido zvevanhu uzhinji hweparamende hwunova nemutungamiri wenyika kunyangwe kazhinji chinzvimbo ichi chichiwanzova chekugadzwa. Utungamiri hwenyika hunobatwa nemutongi wedunhu (constitutional monarchy) anogadzwa nehurumende kana kuvhoterwa nevoruzhinji. Munyika idzo chinzvimbo ichi chinotarudzwa, chine mabasa acho akazvimirira oga uye pane sarudzo yechipiri yevavhoterwi vaviri vepamusoro. Vavhoterwi vaviri ava vekusarudzo yekutanga vanokwikwidza pasarudzo yechipiri, chinzvimbo chichitorwa neuyo anenge awana mavhoti akawanda kupfuura eumwe.

Muhurumende, sezvinoonekwa naMP Edmund Burke nyanzvi yeruzivo yekulrish, basa remapato “nderekupa utungamiri hwunoendeka hwunesimba kana riri pachinzvimbo chekutonga uye tsoropodzo yakakodzera kana richipikisa.” Zvinonyanyoonekwa muurongwa hwemapato maviri anotonga ndechekuti bato rinopikisa hariratidzi chido chekuda kushanda neriri kutonga kuti rishandire zvido zvenyika. Rinobva raisa simba raro rese pakuzvidza bato riri kutonga nekurimanikidza kuti ribve pakutonga zvichikonzera kuchinjana mativi kwemapato aya. Zvimwe chetezvo muutongi hwezvido zvevanhu paparamende hwune mapato mazhinji, hapana bato rimwe chete rinogona kuwana mavhoti akakwana ekuti ritonge rega. Chinangwa chebato rinotungamira chekuumba kubatana chinokona nekuda kwemapato madiki anopatsanuka ane zvigaro zvisoma muhurumende asi achigona kuve nechekuita nekuenzana kwesimba.

Mapato ezvenyika anotungamira urongwa hwemitemo nekuisa zvinangwa zvehurumende. Izvi zvinogona kusanganisira kudzivirira kufungisiswa kwenyaya

nekuda kwezvikonzero zvevatongerwo enyika. Pazviitiko zvakadai, mapato anonangana nekutsvaga mikana yekuwana simba pane kutonga nyika.

Sezvinoratidzwa nehurukuro iyi, mapato ezvevatongerwo enyika ane mabasa akasiyana akakosha asi ane mibayiro isina kunaka. Chakakosha panezvese ndechekuti anodimbura matunhu kuve zvikwata zvakasiyana. Mapato mazhinji akarongwa nenzira yekuti anogamuchirwa nezvikwata zvevanhu vakasiyana, nekuda kweizvi anosimbaradza kusiyana kuripo pakati pevanhu, kwete zvakafanana patiri. Nekudaro anoumba muganhu mukuru wezvevatongerwo enyika pachido cheutongi hwezvido zvevanhu chekubatanidza vanhu nekuti vashande pamwe chete.

Pamusoro pezvo, mapato anoita kuti pave nechipimo chevavhoti. Vanhu havasi nyore kunzwisisa, vane maonero akasiyana panyaya dzakasiyana dzemagariro nedzematongerwo enyika. Maonero anosiyana simba rawo zvichitangira pane ayo asina kunyanyokosha zvichienda pane ayo anoumba hwaro hweupenyu hwedu atinozivipira kufira. Kuve nhengo yebato kunotibatanidza nemaonero akasarudzika. Tinoda kuti mapato amirire zvido zvedu kwete kutitsanangura nenzira inoita kuti tive zviseko.

Zvinowanzoitika ndezvekuti mapato ezvevatongerwo enyika ane ukasha nekusagamuchira kupfuura vanhu vaanomirira. Mapato ezvevatongerwo enyika haanawo utongi hwezvido zvevanhu. Vanhu vashoma, vatungamiri vebato ndivo vanotungamira mapazi aya. Vanotanga zvikwata pakati pavo saka pane kuti vamirire bato rakabatana vanoumba kusanzwana.

Izvi zvinowanjobatana neurongwa hwekushamwaridzana. Izvi zvinowanowanikwa munyika idzo kutsvakwa kwemavhoti kunotsigirwa nemari yemudemhe-mudemhe kwete hurumende, mapato ane vanhu vanohwina zvinzvimbo vozogadza zvinzvimbo kuvanhu vakashandira bato kana kuti vakaisa mari zhinji. Kunzvimbo dzinowanikwa bato rimwe chete riri pamusoro, urongwa hwakadai hunozivikanwa se”mushini wezvevatongerwo enyika.”

Kuti mapato ezvevatongerwo enyika azvibudiririse nesimba rawo, anotsvaka kutendeka. Kubva kunhengo dzebato izvi zvinosanganisira kutsigirwa kunosimbaradzwa nekunyoresa zita kubato nekubhadhara mari yakatemwa. Kutendeka kubato kweavo vakavhoterwa kunowanikwa nezvinhu zvakaita sekuongororwa kwemari nezvimwe zvinoshandiswa pakutsvaka mavhoti. Izvi zvinosimbaradzwa neurongwa hwekuzvibata kwebato kunoitwa nevatungamiri vakasarudzwa vebato muhurumende.

Zvakaipa zvinowanikwa pamapato ezvematongerwo enyika zvakawanda, zvikuru kana nyika jchikurirwa nenhau dzemari. Hazvisi nyore kuona kuti angabviswe sei, sezvo imwe yekodzero dzedu dzakasimba rwuri rusununguko rwekusangana. Chingaitwa kuisa miganhu, kusanganisira pazvinhu zvakaita sezvinoitwa nemapato (kuJapan, kuenda kudzimba dzevanhu kuchitsvagwa mavhoti hakubvumirwi) nemari inodiwa pakutsvaka mavhoti.

ZVIMHINGAMUPINYI ZVEUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU

17. MATAMBUDZIKO EUTONGI HWEZVIDO ZVEVANHU

Sezvakatanga kuonekwa naAlexis de Tocqueville mubasa rake Democracy in America, utongi hwezvido zvevanhu hwunosangana nenjodzi dzakawanda. Izvi zvinogona kutsanangurwa sematambudziko kana zviitiko apo sarudzo yega-yega yezvingaitwa ichigona kuve nemibayiro isina kunaka. Zvinosanganisira:

- njodzi yekuti utongi hwezvido zvevanhu hwunova udzvanyiriri hwevazhinji.
- matambudziko anouya nekuunganidzwa kwemasimba.
- njodzi yekusavapo kwerusununguko rwemunhu pautongi hwezvido zvevanhu.
- basa remauto pautongi hwezvido zvevanhu.
- kupikisana kunowanikwa munharaunda ine kuenzana pane zvematongerwo enyika asi kusaenzana pane zveupfumi nemagariro.

Utongi hwezvido zvevanhu kutonga kwevanhu. Izvi zvinoreva kuti vanhu vose mudunhu vanoshanda pamwe chete kubudiririsa zvinangwa zvedunhu nezvavo. Mukuita, nekuda kwekuti vanhu havasati vave kuratidza mweya wekubatana uyu, utongi hwezvido zvevanhu hwave kuonekwa seutongi hweruzhinji. Ringave ripi zvaro boka kana mubatanidzwa wemapoka rinogona kuwana ruzhinji pasarudzo rinogona kumanikidzira zvido zvaro pamunhu wose.

Iri ndiro dambudziko rekutanga. Panofanirwa kuve neungorori parusununguko rwemaitiro eruzhinji rwakadai. Chimwe chikonzero cheizvi ndechekuti utongi hweruzhinji hwunobatanidzwa nerusarura. Zvikwata zviru muvashoma zvinosarudzwa nevoruzhinji uye nenzira dzakasiyana. Zvido zveruzhinji, kunyangwe ruzhinji rwuri munhu wese kusara kwemunhu mumwe chete, kunova udzvanyiriri kana kwakananga kumanikidza munhu mumwe chete kuti ave nemaitiro anomunyima kodzero dzake kana kukonzera kukuvara.

Uongorori pasimba reudzanyiriri hweruzhinji hwunosanganisira kurambidzwa kwemamwe maitiro, muhurumende nemumagariro (semuenzaniso rusarura) uye kudikanwa kwemavhoti ari pamusoro peeruzhinji kubvumira maitiro akasarudzika.

Nyaya inoenderana nepfungwa iyi mubvunzo wekuti: rwupi ruzhinji? Panyaya inowanikwa gakava ichiva nechekuita nemapoka mazhinji enharaunda, sevanhu vemunzvimbo, dunhu nenyika yose, izwi rani rinofanira kusarudza? Semuenzaniso, ngatiti hurumende inoda kuvaka dhamu. Vagari vachakuvadzwa naro (uye vanoona nezvenharaunda) vanopikisana nazvo. Asi dunhu ringade dhamu iri nekuda kwemvura inozowanikwamo, nyikawo nekuda kwemagetsi achazogadzirwa.

Nekudaro chii chinofanira kuitwa? Takaona muzvidzidzo zvakapfuura kuti mumwe mutemo wezvido zvevanhu ndewekuti vanhu vanobatwa zvakanyanya nezvinoitwa ndivo vanofanirwa kutaura zvinofanira kuitika. (Kazhinji ichi chinenge chiri chikwata chidikisa.) Pasina izvi, utongi hwezvido zvevanhu hwakadai hwunenge hwuri udzvanyiriri. Mumuenzaniso uyu. Kunze kwekuti zvido zvevagari venharaunda zvagutswa uye zvinovanetsa zvagadziriswa, vanofanira kuramba kuvakwa kwedhamu iri.

Zvimwe chetezvo, pfungwa iyi inogona kushandiswa kubvuma zvinoitwa nevanotsigira kuzvimirira. Dunhu rinoda kubuda kubva mune mamwe rine nyaya yakasimba kana riri kuitirwa rusarura mukati menyika.

Pamusoro peudzanyiriri hwevazhinji, pane urongwa hweutongi hwezvido zvevanhu apo vashoma vasina maitiro akaenzanirana neuwandu hwavo. Sezvambotaurwa paparamende muutongi hwezvido zvevanhu, mapato madiki ekumucheto anogona kuve nezvekuita zvakakura kana mapato makuru anopikisa anokwikwidzana avamba mubatanidzwa. Udvanyiriri hwevashoma hwunowanikwa kazhinji muutongi hwezvido zvevanhu hwese, hwuchiri pachinhanho chekutanga nehwakura kupfurikidza nekukuchidzira kwechikamu chauri mumagariro neupfumi. Zvikamu zvepamusoro zvagara zvine simba rinopfuura uwandu hwavo.

Dambudziko rechipiri inyaya yekuunganidzwa kwemasimba. Izvi zvine kudyidzana nemikana - hurumende yakaumbwa uye iri yevapfumi - uyezve matambudziko akaonekwa pavatungamiri. Zvinoenderera mberi kumapazi emagariro. Matambudziko ose anosanganwa nawo nemapazi akasiyana anokonzera kukundikana panyaya iyi.

Uongorori hwunowananzoshandiswa padambudziko iri kugarisa mapazi ari madiki nekuparadzira simba kumatunhu agere vanhu. Kuparadzira simba kune imwe njodzi

yakunowinza. Kuva neutongi hwezvido zvevanhu muhurumende hazvirevi kuti hurumende yose yematunhu inenge yakadaro. Hurumende yematunhu ndiyo inowanzove neudzvanyiriri: kutungamirirwa “nevarume vane simba”, madzimambo ehondo uye matororo echihwande. Mubvunzo unovapo ndewekuti, tingadzivirira sei udzvanyiriri hwemunharaunda uhwu?

Chimhingamupinyi chinotevera ndechekuchengetedza rusununguko rwemunhu. Muutongi hwezvido zvevanhu hwutsva, kazhinji vanhu havana kusununguka. Vanoramba vari pasi peutongi hwekare hwechisimba. Uyezve, vanowanzove nedzidzo isina kukwana zvichienderana neinodiwa muutongi hwezvido zvevanhu. Izvi zvinovaita kuti vatongwe kupfurikidza nekukakavadza kunobata pamwoyo.

Vatungamiri vanowanzove vemuzvikwata, kana kuti vedzinza revaimbove vatongi. Nokudaro vanoramba vakakwirira pamikana uye vanozvifunga ivo vega pachavo. Nerimwe divi, rimwe dambudziko rakatsaukana rinonyuka kana udzvanyiriri ukuru hwuchangokurirwa muhondo. Pakadai vanosarudzwa vanowanzove vatungamiri vehondo iyi. Unhu hwaita kuti vabudirira panguva yehondo hahwukoderi pautongi hwezvido zvevanhu nepanguva dzerunyararo.

Pautongi hwezvido zvevanhu hwakura, vanhu kazhinji havasi pasi pekumbunyikidzwa kwakarongeka. Rusununguko urwu rwune mugove. Havakoshi zvanazvo izvi. Vatungamiri vanozvishambadza pasarudzo sevanhu vevanhu vanoremekedza zvido zvevanhu asi kana vasarudzwa voshandisa masimba avo zvisizvo kana vawana mukana wacho.

Dambudziko rechina rinove basa remauto rinotsanangurwa zvakadzika muchidzidzo chinotevera. Nyaya yakarerekera pane iyi rubatsiro rwunopihwa nenyika dzine utongi hwezvido zvevanhu kune avo vachine udzvanyiriri sezvo izvi zvichiwanzotwa kupfurikidza nezvibvumirano zveauto zvinosanganisira kupana kwezvombo.

Dambudziko rekupedzisira kupesana, kusava nechokwadi kwematunhu ane utongi hwezvido zvevanhu apo vanhu vane kuenzana kwezvematongerwo asi pane misiyano mikuru pane zveupfumi nekugarisana. Sezvinoratidwa nepfungwa dzakaburitswa muzvidzidzo izvi, pazvidzidzo zveutongi hwezvido zvevanhu kuenzana hakufaniri kuve muchidimbu. Izvi zvinorangaridza pfungwa yekare yevasaruraganda yekuti vatema vekuAmerica vakasiyana asi vakaenzana.

Kupedza mukana wezveupfumi hwevashoma ndiro dambudziko guru reutongi hwezvido zvevanhu. Kunze kwenyika dzekuScandinavia, hapana ati anyatsotarisa nemikana. Kana izvi zvisina kuongororwa zvine mibayiro isingagoni kugadzirisika. Nharaunda inova neupi, gare-gare yobva yadonha. Panova nekukakavadzana, kusagadzikana, kusatongeka kuchizopedzisira nekumukira.

Rimwe dambudziko reutongi hwezvido zvevanhu rinopfuura ose ataurwa kuvapo kwekukwikwidzana kwemaitiro asinei neutongi hwezvido zvevanhu. Matunhu evanhu ane nhaka yezvimiro zvisinei neutongi hwezvido zvevanhu nemaitiro anofambirana nazvo pamusoro pazvo maitiro aya anopinda munharaunda nekufambiswa nedzidzo uye nhepfenyuro.

Chimiro chakaita seichi ndecheutongi hwechitendero kana kukwirira kwechimwe chitendero. Utongi hwezvido zvevanhu neutongi hwechitendero zvinenge mvura nemafuta: hazvigi kurarama pamwe chete. Kechipiri, pane mhando dzakasiyana dzerusarura rwakarongeka, kusanganisira zveupfumi (kuvapo kwezvikamu zvevanhu zvisingasanduki, kusiyaniwa nekuda kweupfumi nezvimwe nenzira dzinoonekwa dzeutapwa) zvakanangana nedzinza, rudzi, nekuti munhu murume kana mukadzi, kusanganisira kusarudza chimiro chemunhu. Kechitatu, nyika zhinji dzakabva muudzvanyiriri hwakaunganidza pamwe chete ndudzi dzinopikisa. Kunyangwe utongi hwezvido zvevanhu hwuri urongwa hwakagadzirirwa kuuraya rusarurarudzi, pane miganzhu pakugona kuita izvi.

Kana matunhu achitongwa nemaitiro akadai, haasati agadzirira utongi hwezvido zvevanhu. Kunyangwe utongi uhwu hwukagadzwa, hahwuzoshandi nemazvo. Kana tichiongorora utongi hwezvido zvevanhu semashandisirwo ahwuri kuitwa pasi rose, zvinogona kunzi ndizvo zviru kutora nzvimbo. Hatina kubudirira kusiya maitiro edu ekare.

Utongi hwezvido zvevanhu hwunofanira kugadziriswa kuti hwuenderane nenharaunda yahwuri kushandiswa, kusanganisira zvakaite seuwanda hwevanhu, kusangana kwemarudzi, kuvapo kwezviwanikwa nechimiro chebudiriro. Urongwa hwacho hwunopeteka uye hwunogona kusanganisa misiyano inowanikwa pane zvadomwa pamusoro. Asi, hahwuna masimba ose. Kuti utongi hwezvido zvevanhu hwushande nemazvo, zvimiro zveumagariro zvisinei neutongi hweruzhinji, zvechinyakare, zvikosheswa zvinotenderwa, zvinofanira kukurirwa.

Mubvunzo unonakidza ndewekuti zvinogona here kuisa utongi hwezvido zvevanhu panguva imwe chete uchipedza zvataurwa pamusoro. Hazviwanzodaro. Zvataurwa kechipiri zvinotevera chekutanga. Nharaunda inogona chete kupfuurira mberi neutongi hwezvido zvevanhu musure mekunge yahwinha rusununguko rwayo kubva muchinyakare cheutongi hwechisimba.

18. CHIUTO

Chiuto muutongi hwezvido zvevanhu chine mabasa akati kuti, rakakosha racho rinova kudzivirira kubva kumasimba ekunze. Pamusoro pezvo, kunyangwe kunyika zhinji basa iri richienderana nechimoto, chinoita kuti kuvapo kupanana kune runyararo

kwemasimba pakati pezvikwata zvevavhoti zvinokwikwidzana. Zvinowanikwa muutongi hwezvido zvevanhu hwuchangotanga kuti mauto anoita zvinhu zvakaita sekurinda nzvimbo dzekuvhotera nekuona kuti vakunda pasarudzo vatora zvinzvimbo zvavo.

Chiuto chinomirira kuungana kwakanyanya kwemasimba mumatunhu evanhu. Naizvozvo, chinofanirwa kuongororwa nemazvo. Kuzivikanwa kwenjodzi dzingaunzwa nechiuoto, dzakaita sekubvisa hurumende nechisimba zvinoita kuti chiiswe pasi pemusarudzwa wepamusoro. Kunze kwekuchengetedza mavhoti, kana munguva shoma kurwisa zvikwata zvevamukiri (kusanganisira matunhu anomukira anotyora mitemo yeutongi hwematunhu) kana kupa rubatsiro panguva dzetsaona dzechisikirwo, mauto haamboshandiswi mukati menyika.

Hapana uongorori huripo pamasimba emauto. Mauto ane pfuti uye anogona kusarudza kudzishandisa pavanhu chero ipi zvayo nguva. Mukuedza kuenzanisa njodzi iyi, nyika dzinova nemauto ari muuto renyika (pane kuva nemauto ematunhu akazvimirira oga) uyezve kuUnited States bumbiro remitemo rinopa vagari venyika kodzero dzekuva nezvombo.

Simba nemabasa echiuto zvinounza matambudziko akasiyana. Matambudziko aya anofanirwa kugadziriswa nemazvo kuti mauto atore nzvimbo yawo munharaunda.

Kana vanhu nezvikwata zviine mabasa azvakatemerwa, panowanzove nemaitiro ekuda kuzvinatsurudza, kuzviratidza semunhu akakosha kana kuti anotsvaga kuti nharaunda ive kwayo. Kunyatsozvitaure sezvazviri, mauto anoda hondo. Mauto nezvombo zvinodhura. Anoshandisa upfumi hwakanyanya hwenyika hwungashandiswa kuzadzisa zvinotsvagwa nevanhu (semuenzaniso pane zvedzidzo neutano). Vatungamiri vemauto vanowanzove nechido chiri mavari chekuratidza njodzi inogona kuvepo seyakakura. Nekuda kwechikonzero ichi, hurumende inofanirwa kuve nezvinotungamira zvakajeka zvinoratidza pangashandiswa mauto, apo hondo dzinogona kurwiwa.

Kare nekare, hondo yakamisirwa kuzvidzivirira kubva mukudenhwa, kana kuti panenge paine njodzi iri pachena yekuti kudenhwa uku kuri pedyo. KuUnited States, mutungamiri wenyika Bush akakonzera gakava guru rekutsanangura patsva pfungwa iyi kuti kubvumirwe kutangwa kwehondo kana paine maitiro anoratidza kugona kuvepo kwenjodzi kana apo njodzi isina kusimbaradzwa.

Zvakabatana neizvi inyaya yezvemari. Pasichigare mumatunhu evadenhi, mauto aive iwo tsime guru rehomwe yehurumende kupfurikidza nezvaiwanikwa mukutapa kwawo kusanganisira mitero yekumanikidzira. Muutongi hwezvido zvevanhu hwemazuva ano, izvi zvatsiviwa nemitero inobhadharwa nekuzvidira. Zvakadaro,

zvemari zvakanangana nemauto zvakakurisa zvekuti zvinofanirwa kunyatsoongororwa nemazvo. KuUnited States zvekare, nhau dzekubiridzira pakutenga zvakanangana nemauto zvinopupura kusave nyore kwebasa iri.

Matambudziko ezvemari nekugona kutsanangura maitiro anowedzerwa nechimiso chechiuto chekufukamira hapwa. Vatungamiri vanoshandisa zvakanyanya gakava rekuti sezvo basa ravo riri rekudzivirira nyika, rinofanirwa kuve zvisingazivikanwi zvepamusoro. Zvakavanzika zvakanyanya zvemauto zvinoita kuti mhenenguro yakazvimirira yoga yeongororo yenjodzi nezvingaitwe pakusanzwisana kusave nyore zvachose. Dunhu rine utongi hwezvido zvevanhu rinofanirwa kuve pachena. Kuvanziridza kunobvumika chete apo paine zviito zvisingawanzoitiki, zvikuru kuchengetedza upenyu hwuri panjodzi (semuenzaniso panowanikwa ruzivo ruzhinji.)

Miganhu yakanyanya panyaye dzezvakavanzika zvinochengetedza kuita kwemauto kusinei nezvakanaka nezvakaipa. Semuenzaniso, kuchengetedzwa kwezvakavanzika kunoshandiswa kuvharidzira mhosva dzeumhondi kwevanhu vakawandisa panyaya dzezvematongerwo enyika kusanganisira kuurawa kwevasiri muchiuto nekushandiswa kwekurwadziswa.

Zvinowanzoitika munharaunda kutsaura mauto kubva mune voruzhinji. Chikonzero cheizvi kuitira kudzidziswa zvechiuto nekugadzirirwa gakava. Iripo imwe tsananguro zvekare. Kutsaurwa kunovapo nekuda kwekuumbiridza maitiro emauto kunofanira kuitwa. Vanofanira kuitwa kuti vasave neunhu hwavo, ruzivo kunyangwe rushoma zvarwo rwechakanaka nechaipa, kuvasandura kuve vanhu vanoda kuuraya pavanenge vanzi vauraye, vasingabvunzi chikonzero chekuuraya kana kumbofunga mubayiro wekuuraya. Senhengo yechiuto unodzidziswa kugamuchira rufu, rufu rwunorwadza kusanganisira kurwukonzera sezvisingavhundutsi. Unotohwina marhibhoni nemenduru nekuita izvi.

Kuumbiridzwa kwakadai kunogamuchirika kana mauto achigadzirirwa njodzi dzekunze dzechokwadi. Chikwata chinenge chashandiswa nenzira iyi chinogona kushandurwa kunosanganisira kurwisana nevanhu vemunyika macho. Uku kuenzanisa chaiko. Mauto anofanirwa kudzidziswa kuuraya asi anofanirwa kuramba aine ruzivo rwekuti anombova ani semunhu nekutendeka kuvanhu kuitira kuti vasanongedze pfuti dzavo kuvanhu.

Mauto ane mamwe maitiro echitendero kusanganisira nhengo dzinozvipira kufira zvavanotendera uye vanoshandisa shoko risina rukudzo kureva vanhu vokunze rekuti 'civilian' zvichireva munhu asiri muchiuto kana chipurisa. Ichi ndicho chikonzero chikuru chinoita kuti utungamiri hwechiuto muhurumende hwusagamuchirike: zvakada kurerekera kuitongiri hwechitendero. Kutendeka

kunyika, kutsigira nyika yako, kwakarurama kana kusiri kunoyemuruka asi hakuna nyika kunyangwe vatungamiri vayo vasingagoni kutsoropodzwa.

Basa rekare nekare rechiuto rinosanganisira kukunda mamwe matunhu kana kuzvidzivirira. Rinotsvaga kurasira kure zvakaperera mamwe matunhu nekutora danho rekupedzisira rekutarisana nekumukirwa nevamwe.

Kuvepo kwekusanduka kwemaitiro aya kwave kunyatsoonekwa pari zvino. Nekuda kwekubata basa muchiuto chenyika dzakawanda kwakaita seurongwa hweUnited Nations, hurumende dzeutongi hwezvido zvevanhu dziri kutanga kuratidza chido chekuva nechekuita nekusawirirana kusingabati ugaro hwenyika dzavo. Iyi isanduko huru kubva pane zvaitwa kare uye kana kukaenderera mberi kuchizadza dzimwe nzvimbo, kuchava chitiko chakakosha kupfuura zvose munhorondo chati chaitwa. Mukana wenyika imwe chete kuti ide kurwisa nekukurira vavakidzani vayo vasina simba. Kushandisa chisimba chakanyanya kutonga kana kuuraya vanhu vose kana chidimbu chevanhu vavo kunobva kwapera.

Pakupedzisira, mauto anhasi ane zvombo nemasimba asati amboonekwa chigariro. Simba rawo rakakurisa zvekuti anotonga matunhu akawandisa, guru racho rinova China. Chinangwa chedu kuumba pasi rose rine runyararo asi izvi hazvigoni kuitika kunze kwekunge nyika dzose dzinoshandisa chisimba mukutonga vanhu vadzo dzachisiya dzobva dzava neutongi hwezvido zvevanhu.

19. MAPURISA

Chipurisa chakarongeka chitiko chisina nguva refu chatanga mumagariro evanhu. Zvakasiyana nechitoto, mapurisa vanhu vane zvombo vanopihwa simba rekushanda mukati menyika.

Chipurisa chisati chaumbwa, kana munhu akapara mhosva yakanangana newe kana mhuri yako, waifanirwa kutsvaga kugadziriswa pachako. Mumamwe mashoko, mutemo wechisikirwo ndiwo waishandiswa. Kana mhuri yako yaive yakasimba, waigona kugadziriswa (nekukonzera kukuvadza kwevamwe nekutsvaga rusununguko kubva munjodzi yekurangwa nekunge waita zvinhu zvakaipa). Zvisizvo, hazvaitenderwa.

Matunhu mazhinji echinyakare aedza kugadzirisa dambudziko iri pasina kutsvaga kushandisa mapurisa. Semuenzaniso, matunhu emarudzi ane mitemo yakagozha inotsanangura zvirango zvekukonzera kukuvara kazhinji nedare revakuru rinoshanda sevagadzirisi vemhosva. Zvirango izvi zvinowanzove zvinorwadza zvichitevera mutemo wekutsiva chivi nechimwe. Chero nedare rinotonga, kurangwa kazhinji kacho hakuenzanisi sezvo mhuri dzakasimba dzichigona kumanikidzira mutongo uri

nani. Zvinobuda ndezvekuti utongi hwemarudzi hwakangofanana neurongwa hwune mhosho zhinji uye kazhinji hwunova nhaka isingaperi yeropa kwenguva refu.

Urongwa hweutongi hwezvido zvevanhu hwakavambwa kuti hwuumbwe maonero matsva kumutongo. Hwakaumbwa pakuvambwa kwemitemo inomirira chokwadi inobva yashandiswa nemapurisa nematare asingatori divi.

Ndiwo mashandiro anofanira kuita urongwa uhwu asi sezvakaita seutongi hwemarudzi mashandisirwo awo anowanzove nedambudziko. Semuenzaniso, muutongi hwezvido zvevanhu hwuchangotangwa, kana uchinge waparirwa mhosva, (kana kungoziva nezvekuparwa kwemhosva) haugoni kuenda kumapurisa. Mapurisa haasungi nekuvharira mupari wemhosva. Vanotsvaga mupari wemhosva votora chiokomuhomwe vomuudza nezvako. Izvi zvinoreva kuti pane mukana mukuru wekuti mupari wemhosva achakutsvaga oedza kukuuraya. Muurongwa hwakadai hauna kubatsirwa nemutemo uye hapanawo kurangwa kwevapari vemhosva.

Chikonzero chinoita kuti mapurisa akundikane chakabatana nekuti mapurisa anoshandira ani. Tinofungidzira kuti mapurisa anoshandira munhu wese asi izvi hazviwanzovi izvo.

Pakatangwa utongi hwezvido zvevanhu (munguva yazvino) vanhu vaitenderwa kuvhota vaive avo chete vaive nezvivakwa neminda. Zvinobuda paizvi ndezvekuti mutemo wainyorwa pamwe nekushandisirwa ivo. Mapurisa aive nzira yekuchengetedza vanhu ava.

Mapurisa mumatunhu mazhinji vachengetedzi vevapfumi uye mapazi enharauunda. Havaoni kushandiswa kwemutemo asi kuti vanoona kuvepo kweurongwa hwemagariro. Uyezve mumatunhu ane kumbunyikidzwa – matunhu ane mapurisa – mapazi aya haagoni kutsoropodzwa. Munhu anokakavara anogona kusungwa, kuvharirwa kana kuurayiwa chaiko sechirango chekupara mhosva.

Mapurisa anopihwa masimba pane ose, mvumo yekuuraya nhengo dzematunhu awo. Uhwu ukama ukuru hwechivimbo hwunoumbwa mumatunhu uye kunovapo nekuda kwechikonzero chakanaka. Mapurisa anofanirwa kushandisa mutemo pane avo vasingazivi chakanaka nechakaipa. Vanoedza kugona kwavo nekuratidza ushingi hwukuru – kusvika pachidanho chekuisa upenyu hwavo panjodzi – kuti vaite izvi. Kumwe kuziva chakanaka nechakaipa kwakakosha ndekunoti: kana paine zvaungaite kubatsira unofanirwa kuita. Mapurisa akanaka anobatsira nepose paangogona napo.

Mumatunhu mazhinji, kupihwa kweruvimbo uku kwakuvadzwa. Pane mutsauko mukuru kwazvo pakati pemapurisa munyika dzine utongi hwezvido zvevanhu nezvinowanikwa munyika dzakaita seChina neBurma. Nokuda kweizvi sezvataona pamauto, mapurisa anofanirwa kuongororwa nemazvo. Pamusoro pezvo, maitiro avo akafanana anoratidza matambudziko akati kuti.

Sezvakoita chiuto, mapurisa anoedza kunatsurudza basa rawo. Kuzviisa mune mamwe mashoko, vanotsvaka vapari vemhosva. Kana vasipo vakakwana, vanowanzovaumba ivo.

Mapurisa anowanzotyisidzira vanhu. Vanoita kunge vanogara vakamirira mukana wekuti vasunge vanhu uye kuti munhu wese ane mhosva (kunova kutyora mutemo wakakosha wekutongwa nemutemo.) Pamusoro pezvo, mapurisa anoshandisa kuvhundutsira senzira yekutsaga mhinduro inozovaita kuti vati munhu mupari wemhosva. Pamusoro pezvo vanoshanda sezvombo zverusarura nekunangisa kuvhundutsira kwavo pazvikwata zvidiki.

Nekuita kwakadai, mapurisa ndeumwe muenzaniso wakakosha wenjodzi yekushandiswa nemazvo kwesimba. Mapurisa mazhinji anoda simba ravo uye nzira yoga yekuratidza simba iri kurishandisa. Vanoshandisa nzira dzakasiyana dzekushandisa masimba zvisirizvo, kusanganisira kuvhundutsirwa, kurohwa kwevanofungidzirwa kuti vane mhosva, kusarudzwa kwemitemo inoshandiswa uye kusungwa kusina kukodzera.

Matambudziko akaita seaya anokonzera kuti kodzero dzemitemo dzevari kuramba mhosva dzitsanangurwe zviripachena uye kuchengetedzwa zvakanyanya.

Pamusoro pezvikwata zvidiki zvinotarisirwa pasi, vamwe vanonangwa nekushungurudzwa kwemapurisa ndeavo vasingadi kutevera nzira dzakatemwa nemadhizidhendi. Izvi zvinosimbaradza pfungwa yekuti vanoona basa ravo sekuchengetedza urongwa hwemagariro. Wese anotadza kusanduka kana kutaura zvakaipa pamusoro penharaunda muvengi.

Mapurisa haana kodzero yekurambidza kukakavara kusina mhirizhonga izvi zvinosanganisira kuongororwa – kutsvaga ruzivo muchihwande – kwemapato ezvematongerwo enyika nevashandiri veshanduko vezvenharaunda nemagariro. Kana mapurisa achirambidza kukakavara, ari kushanda sevarambi veuongorori.

Nekuda kwekuva kwavo pedyo nevapari vedzimhosva nezvinowanikwa nemaitiro evapari vemhosva, mapurisa ane muedzo wakasimba weuwori. Vanhu vazhinji

vanokundikana vobva vava vapari vemhosva pachavo. Rimwe dambudziko nderekuti mapurisa kwese kwese pane mutemo usingashambadzwi wekuti haumhangariri mapurisa akashata. Mapurisa mazhinji anoziva vanhu vakadai asi havavaunzi kumutemo. Maitiro erunyararo akasimba kupfuura mhiko yavo yekuchengetedza mutemo.

Umwe mutemo weurongwa hwemitemo ndewekuti nhengo dzemhuri hadzigoni kumanikidzwa kusungirira mhosva hama dzadzo dzepedyo. Semuenzaniso, amai havagoni kunzi vapupure zvinoroverera mwanakomana wavo mhosva. Kana mapurisa achidzika mutemo werunyararo kudzivirira mapurisa anopara mhosva, vari kuedza kushandisa 'kuchengetedzwa kwemhuri'. Izvi hazvigamuchiriki. Mutemo uyu unoshandiswa chete pamhuri dzeropa. Mapurisa kana mauto haana kodzero yekuvigiridza pane kugadzirisa zviito zvevapari vemhosva mavari.

Pakushungurudzwa nemapurisa, zvakanosha kuziva kuti izvi hazvigamuchiriki. Mapurisa aya ari kudimbura chisungo chekutendeka, kuvimbwa nevanhu kwavapa simba guru. Kana simba rangopihwa pachena richishandiswa zvisizvo, kana richidzoserwazve kwatiri nemapurisa (kana upiwo zvake munhu) izvi zviripachena kuti zvakashata uye zvinofanira kutsoropodzwa.

Chinofanira kutanga kuitwa kutorera mapurisa simba rekuvhundutsira. Tinofanira kuramba nzira dzavo dzisingazivi chakanaka nechaipa kuti pave nemhedziso ine ruzivo urwu.

20. UPFUMI MUMAOKO EVASHOMA NEMAKAMBANI

Kubva kare-kare, upfumi mumaoko evashoma hwunoonekwa seshamwari yeutongi hwezvido zvevanhu. Kuvambwa kwemisika yepachena (free markets) inobvumira munhu wese kuti ave nechekuita mairi, kwakabvumira vanhuwo zvavo kuti vatonge nekumirisana nekuunganidza pamwe chete simba rezveupfumi, zvakangofanana neutongi hwezvido zvevanhu hwakatanga kurwisa masimba ezvematongerwo enyika.

Misika yakatanga kare. Vanhu vanowanzoda kugutsa zvitsvako zvavo zvakanosha nekugadzira zvakanwanda nekutengesa zvavasingashandisi. Shanduko yamazvo yakaitika nekutangwa kwezvinhu zvitsva.

Mari yakabvisa vanhu pachitsvako chekugadzira zvekudya zvavo uye nekuda kwaizvozvi, kwakavepo unyanzvi nekuvambwa kwemabasa. Pamusoro pezvo nekushandiswa kwezvakachengetedzwa (savings) zvakanzera kushandiswa kwekutanga kwezvichengetedzwa izvi mukuwedzera kugadzirwa kwezvinhu nezvombo zvinoshandiswa mumaitiro matsva ekugadzira.

Nekufamba kwenguva misika yakakura. Izvi zvakaita kuti kuvepo kuwanda kwesimba rezveupfumi (upfumi mumaoko evashoma hwunobatsira kuvamba matambudziko ahwunofanira kugadziriswa) pamwe chete nenzira itsva dzekutanga dzekukwikwidzana kwezvupfumi. Zviitiko zvakadai zvakakonzero mapazi eupfumi akasiyana anobvira paunyanzvi hwakasiyana hwekugadzira. Zvimwe chetezvo, mapazi ekutanga emari akaumbwa, kutangira pavachinji vemari vanotaurwa nezvavo pamasiwo etembere.

Upfumi mumaoko evashoma hwunotsanangurwa seurongwa hweipi mhando yemisika. Kuzvitsanangura zvakadzama, imari: kuvapo kwayo. “Mari yekutanga bhizimusi” imari yakachengetedzwa. Nharaunda inoshandisa mari pakafanira ine chidimbu chemari mumaoko evashoma zvichiita kuti utarisane nenjodzi dzose dzeurongwa uhwu.

Muzvikamu zvepakore gumi zvapfuura, kukura mumabasa ezvupfumi kwakave kunoshambisa zvikuru. Zvinowanikwa kudai ndezvekuti makambani makuru kupfuura mamwe ave nemasimba akanyanya ezvupfumi kupfuura dzimwe nyika. Pane hondo isina kutaurwa pasi rose pakati pemakambani nehurumende uye nguva zhinji makambani ari kuhwina. Mitemo yemabhizimusi iri kutadza uye mhando itsva yechikwata chepamusoro chevane mari nesimba pasi rose chiri kuvambwa ,mukati mechimiro chenyika dzine utongi hwezvido zvevanhu.

Ichi hachisi chinzvimbo chakaenzana. Kusanzwana kuripo pakati pemabhizimusi nehurumende kunofanira kugadziriswa. Kana makambani akava iwo anokunda, tinova neutongi hwezvido zvevanhu hwezita chete. Kana hurumende dzikagona kumutsiridza basa radzo rekuchengetedza, dzotonga mumakambani, tinogona kuve neutongi hwezvido zvevanhu hwunoshanda nemazvo pasi rose.

Urongwa hwemakambani iko zvino hwunoumba imwe nzira yekuronga matunhu evanhu. Hwune chekuita nezvese zveupenyu hwedu. Hwune zviitiko zvizhinji zvinokuvadza kusanganisira hurumende, vashandi, vatengi, matunhu nenharaunda.

Muchidzidzo chekutanga muzvirongwa izvi, takadzidza kuti utongi hwezvido zvevanhu hwakazembera paurongwa hwemitemo yakakosha nekutizve hwunopesana neupfumi mumaoko evashoma. Chikonzero cheizvi ndechekuti upfumi mumaoko evashoma hwune pahwunotangira pakasiyana.

Utongi hwezvido zvevanhu hwakazembera pamushandirapamwe. Upfumi mumaoko mashoma (nemaambani anohwushandisa) hwunopembedza nekusasiyana nekukwikwidzana. Utongi hwezvido zvevanhu hwunomirira kuenzana kwevanhu, rusununguko rwevanhu nezvinoenderana nekuziva chakanaka nechakaipa. Makambani anoshanda pamutemo wekuti, “kana isu tikasazviita, aripo umwe

achazviita”, zvakangofanana nepfungwa yekuti, “tine simba rekuzviita, saka tichazviita”, unove mutemo wechisikirwo.

Pautongi hwezvido zvevanhu, kukosha kuri pakusiyana. Paupfumi mumaoko evashoma, mari ndiyo chiratidzo cheukoshi. Pamusoro pezvo, zvinangwa zveundingoveni zvakakosha kupfuura zvakanakira munhu wese. Kusaenzana kunogamuchirwa uye hakugoni kudzivirirwa. Upenyu nezvose zviru mahwuri ibhizimusi. Zvinhu zvese nemunhu wese zvigadzirwa zvekutengesa.

Mibayiro yemisika yakakura asi njodzi dzinounzwa nemakambani anhasi dzakakurisa zvekuti dzinofanirwa kunyatsoongororwa. Uongorori uhwu hwunogona kupatsanurwa kuti hwuve ihwo hwune chekuita nemakambani neuhwo hwakanangana nevatungamiri.

Vatungamiri vanogona kuiswa pasi pezvirango zvevapari vemhosva mukugarisana kana zvichigona kutaridzwa kuti vatyora mutemo. Muutongi hwezvido zvevanhu zvese zvahwo, mutemo unoshandiswa zvakasaruudzika. Mhosva dzinoparwa nevashandi vemumahofisi dzekuba mari hadzitsvagurudzwi kana kutongwa.

Izvi zvinofanira kugadziriswa. Pamusoro pezvo, maitiro evatungamiri anogona kuongororwa nekusavagamuchira nekuvanyadzisa. Vashandi veshanduko vanofanirwa kutsvaga kwete makambani asingazivi chakanaka nechakaipa chete, asiwo nemamaneja awo vozoshambadza vanhu ava munhepfenyuro nekuratidzira.

Uongorori hwemakambani pachawo ibasa rehurumende, nehpfenyuro uyewo vanhu. Pane zvadomwa pekutanga, nzira dzekuongorora dzehurumende dzinofanirwa kutarisisa pose zvapo pane kushungurudzwa.

Kuvanhu, uongorori hwukuru kusabvuma kwemakambani, kutangira pakunyorwa kwetsamba zvichienda kukuratidzira asi chakakosha chacho kusava nechekuita nemakambani aya nekusatenga zvigadzirwa zvawo. Kuita uku kunomanikidza kunyangwe kambani ipi, kambani inogadzira zvitengwa kuti ichinje. Sezvo makambani mazhinji asinei neruzivo rwechakanaka nechakaipa, zvakakosha kuti kusava nechekuita nemakambani aya kupararire.

Nzira yekuongorora inoenderana neyadomwa kupa simba kuvatengi ndeyekuti zvese zvigadzirwa zvinofanira kuve nezvinyorwa pazviri. Zvinyorwa izvi hazvifanirwi kungove zvinotaura zvakashandiswa kugadzira chigadzirwa asiwo tsananguro yekukuvara kwakavepo pamagariro nemunharaunda panguva yekuchigadzira. Kuburitsa pachena, chese chine chekuita nekushandiswa kwema'genes' kana

'cloning' (kugadzirwa kwezvisikwa zvakafanana nezvinorarama) kunofanira kuratidzwawo.

Uongorori hwekupedzisira ndehwezvinogadzirisa chimiro. Chekutanga, makambani haafanirwi kuve vanhu pamutemo. Chimiro chakadai ndeumwe muenzaniso wezvinopesana neuongorori: mudhuri uripo pakati pekushanda nemazvo kwedunhu neutongi hwezvido zvevanhu. KuUnited States, Dare Repamusoro-soro rakabvumira izvi rinofanira kuzvipfumvunura.

Pamusoro peizvi, pane nhau yekuitwa kwemari pamusoro peyatanga bhizimusi. Zvese zvinotangira pakuita mari uku. Vatsigiri vekuenzana kwevose waitendera kuti dambudziko raivepo kwaive kuvapo kwezvivakwa neminda yemunhu pachake asi apa vakaita mhosho. Hazvirevi kuti munhu wese anofanirwa kuve murombo asi kuti hapana anofanirwa kunyanya kupfuma. Dambudziko chairo riripo nderekuita mari. Kuita mari sekuumbwa kwakaitwa nemakambani makuru kunofanirwa kubviswa. Makambani ose akagadzirirwa kuita mari anofanirwa kushandurwa kuti ave asina kunanga kuita mari.

Vashoma vane samba reupfumi vanhasi vanopokana nepfungwa iyi. Vanopa pfungwa yekuti vanhu vanoita zvavanoita kuzadzisa zvinangwa zvavo kwete zvevamwe nokudaro matunhu anotsvaga undingoveni hwusina muuganhu kupfurikidza nekutendera mune zvakadai, vashoma vane simba reupfumi zvechokwadi vanoramba mukana wekuvapo kweruzivo rwechakanaka nechakaipa. Upfumi mumaoko evashoma hwuri kuumba chimiro cheutongi hwechisimba hwakada kufanana nemhando itsva yemadzimambo aive ivo varidzi veminda (feudalism). Chikonzero chekudai ndechekuti urongwa hwekusveta vamwe. Hunotevera zvinowanikwa mumutemo wechisikirwo. Pamitemo yayo nemaitiro, vane utsinye hwakanyanya ndivo vanobudirira. Vanhu havagoni kuvamba nharaunda dzavo pachimiro chakadai, paurongwa hwakazadzwa neundingoveni nekukara uye apo zvese zvinopimwa kuchishandiswa mari. Tinofanirwa kusarudza utongi hwezvido zvevanhu nekuisa ongororo inodikwa kuti misika nevane chavanoita mumisika iyi vasashamise upenyu hwedu.